O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA'LIMI MİNİSTRLİGİ

A`İNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

**PEDAGOGIKA FAKULTETI**

***"PEDAGOGIKA HA`M PSIXOLOGIYA" KAFEDRASI***

«Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`darının` 4e-kurs talabası

Eshbaeva Baxıtgul Orınbaevnanın`

"**Shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` psixologiyalıq sha`rt-sha`rayatları**" degen temada jazg`an

# *QA`NİGELİK PİTKERİW JUMISI*

Qorg`awg`a ruxsat
Pedagogika fakul`teti dekanı
___________dots. Z.Klıcheva
2015j «______» iyun

«Pedagogika ha`m psixologiya»
kafedrası baslıg`ı, dots
__________Sh.Saparov
İlimiy basshı: ps.i.k.
__________Z.Sherimbetova

No`kis-2015.

**Tema: Shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` psixologiyalıq sha`rt-sha`rayatları**

Mazmunı

Kirisiw…………………………………………………………………………...3

**I -Bap. Shan`araqta ata-ana ha`m balalar mu`na`sebetlerinin` pedagogika ha`m psixologiyada u`yreniliwi……………………………………………..8**

1.1. Shan’araq turaqlilig’in ta’miyinlewshi faktorlardin’ psixologiya pa’ninde u’yrenilgenligi………………………………………………………………...8

1.2.Ha’zirgi zaman shan’araqlarinin’ tiykarg’i turleri ha`m funktsiyalari..........18

1.3. Shan’araq ta’rbiyasi mashqalalarin sheshiwde milliy ha’m uliwma insaniyliq qa’diriyatlardan paydalaniw………………………………...27

**II-Bap. Shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` ta`jiriybe-sınaw na`tiyjeleri**……………………………………………..34

2.1. Shan`araqtag`ı perzentler menen qarım-qatnas quralları ha`m da`rejeleri...34

2.2. Ata-analardın` o`z perzentleri menen bolatug`ın o`z-ara mu`na`sebetlerin anıqlaw metodikası na`tiyjeleri………………………………………………...37

2.3.Ko`p balalı shan`araqtag`ı shaxslarara mu`na`sibetler ha`m olardın` balanın` psixikalıq rawajlanıwına ta`siri………………………………………………...55

Juwmaq...........................................................................................................61

A`debiyatlar....................................................................................................64

Kirisiw

Ma'mleketimiz prezidenti I.A.Karimov «Joqari ma'nawiyat jen'ilmes ku'sh» shig'armasinda «Bul jaqti du'nyada o'mir bar eken shan'araq bar. Shan'araq bar eken, perzent dep atalmish biybaxa bayliq bar. Perzent bar eken, adamzat ba'rqulla jaqsi arziw ha'm umtiliwlar menen jasaydi» dep belgilep aytip o'tken.

Bu'gingi ku'nde bizin' qilip atirg'an barliq jumislarimiz perzentlerimizdin' baxti, saodati, olardin' jaqti keleshegi ushin a'melge asirilmaqta. A'depli, bilimli ha'm aqilli, miynetsu'ygish, iymanli, isenimli perzent tek g'ana ata – ananin' emes, ba'lkim pu'tkil ja'miyettin' en' u'lken baylig'i bolip esaplanadi.

Sol haqiyqattan kelip shiqqan halda jaslarimizdi ba'rkamal etip ta'rbiyalaw, turmistin' u'ziliksizligi, a'wladlar dawamlilig'in ta'miynleytug'in ruwxiyliq qorg'ani bolmish shan'araqti bekkemlew bu'gingi ku'nde ba'rshemizdin' tek g'ani tiykarg'i waziypamiz emes, ba'lkim insaniy parizimiz bolip esaplanadi.

Sol sebepli g'a'rezsizlik da'wirinde shan'araq institutin ja'miyettin' basqa a'hmiyetli sotsialliq sistemalari, ma'mleketimizdegi ruwxiy o'zerisler menen baylanisqan ta'rizde rawajlandiriw, onin' arboyin asiriw ma'selesine ma'mleket siyasatinin' en' a'hmiyetli ha'm u'stem bag'dari sipatinda ba'rqulla itibar berip kelinbete.

Ma'mleketimizde a'melge asirilip atirg'an demokratiyaliq o'zgerisler, jan'alaniw protsessleri ha'm reformalardan go'zlengen tiykarg'i maqset azat ha'm abat Watan, rawajlang'an puqaraliq ja'miyetti payda etiw, usi ta'rizde xaliq tinishlig'in ta'miyinlew, du'nya ha'm ja'miyetten mu'na'sip orin iyelew, shan'araqtin' turaqlilig'ina erisiw esaplanadi. Solay eken, shan'araq temasinda a'melge asirilatug'in, joqari maqsetlerge qaratilg'an ha'r qanday izertlew, izleniw yaki jazilg'an qollanbalar ju'da' aktual ha'm a'hmiyetli esaplanip, shan'araq arasindag'i, shan'araq ta'rbiyasinin' waziypalarin tabisli a'melge

asiriw ha’r ta’repleme alimlardin’ ha’reketlerine, shan’araqti ta’rbiyalawshi funktsiyalardi ja’nede joqari ko’teriwge bel baylag’an izleniwshilerge baylanisli.

Respublikamiz o’z ekonomikasin jan’a basqishqa ko’teriw, ja’miyetti erkinlestiriw ha’m demokratiyalastiriw siyasatin izshil alip barar eken, bizge ja’miyettin’ tiykari bolg’an shan’araq mashqalalarina baylanisqan izertlew jumislari, mag’liwmatlar za’ru’r, soni ayriqsha aytip etiw lazim, g’a’rezsizlik jillarinda Respublikamiz, a’sirese Prezidentimiz I.A.Karimov ta’repinen shan’araqqa ko’rsetilip atirg’an itibar,jillarg’a atlar berilip atirg’anda shan’araqti bekkemlew, shan’araqti milliy qadriyat sipatinda hu’rmet etiwge qaratilg’an ilajlardin’ orinlaniwina ayriqsha itibar berilmekte. Qatar Batis ma’mleketlerinde Rossiyada shan’araq ta’rbiyasinin’ ma’selelerine ilmiy qarastan jantasiw da’stu’rleri bar ha’m olarda ma’lim ilimiy ta’jiriybe bar. A’sirese shet ellerde o’tkerilgen qatar izertlewlerde, shan’araq ta’rbiyasina bag’ishlang’an shig’armalarinda shan’araqtin’ sotsialliq, ekonomikaliq, ta’rbiyaliq funktsiyalari, erli-zayip mu’na’sibetlerinin’ shan’araq turaqliliqqa ta’siri, perzent ta’rbiyasinda ata-ananin’ orni ha’m roli, shan’araqtin’ o’z-ara sa’ykesligi, shan’araqtin’ liderlik, xojaliq funktsiyalari bo’listiriliwi, olardin’ shan’araq birlesiwine baylanisi mashqalasi konkret empirikaliq izertlewler do’geregi u’yrenilgen. O’tkerilgen salistirmali izertlewler shan’araq ha’m onin’ da’stu’rleri ma’selesi ha’r bir ma’deniy-geografiyaliq territoriya (region) ushin o’zine ta’n ko’rinislerge iye ekenligin da’liyllewi a’sirese shan’araqta bala ta’rbiyasi, onda erli - zayip, shan’araqta basqa ag’zalarinin’ orni ma’selesinde Batis ha’m SHig’is da’stu’rlerinde o’zine ta’nlik bar.

Barliq u’yrenilgen ilimiy ha’m eksperimental dereklerden usi na’rse ma’lim boldi, O’zbekstan sha’rayatinda o’tkerilgen ilimiy tiykarlang’an ha’r qanday izertlew a’hmiyetli bolip, ha’tteki ma’mleketimizdin’ ha’r bir ayriqsha regiondag’i shan’araqlardin’ o’zine ta’n da’stu’rleri, neke barisindag’i unamli ta’jiriybesi bar. Biraq demokratiyaliq protsesslerdin’ tezlesiwi, migratsiya hadiysesi, bazar mu’na’sibetlerine basqishpa-basqish o’tiw nizamliqlari shet ma’mleketler menen ornatilg’an diplomatiyaliq baylanislardin’ izshil ta’rizde

a’melge asiriliwi jan’a a’sirde O’zbekstan shan’araqlarinin’ sotsial-psixologiyaliq da’rejesi ha’m onin’ sotsial institut sipatindag’i ko’rinisin o’zgertedi. Bunday ob’ektiv ha’mde sub’ektiv o’zgerisler ag’imi sha’rayatinda shan’araq keleshegin aldinnan boljaw, onin’ rawajlaniwin belgilew u’lken a’meliy ekonomikaliq a’hmiyetke baylanisli.

Joqarida ko’rsetip o’tilgenler ilimiy jumisimizdin’ **a’hmiyetin ha’m aktuallig’in** ko’rsetip beredi.

**Izertlew jumistin’ maqseti:** shan`araqlarda ata-ana ha`m perzentler ortasında qarım-qatnas o`zgesheliklerin ilimiy pedagogikalıq jaqtan analiz qılıw, ulıwmalastırıw ha`m belgilengen usınıslardı islep shıg`ıw, shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı a`melge asırıwda milliy ruwxıy miyrastın` ornı, durıs qarım-qatnastı a`melge asırıwdın` ilimiy tiykarlap beriwden ibarat.

**Izertlew jumistin’ predmeti**: shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` psixologiyalıq sha`rt-sha`rayatların u`yreniw.

**Izertlew jumisimizdin’ ob’ekti:** ata-analar ha`m olardın` o`’spirimlik jasi da’wirindegi perzentleri.

**Izertlew jumisinin’ wazıypaları:**

–shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı a`melge asırıw boyınsha pedagogikalıq-psixologiyalıq ko`rsetpeler islep shıg`ıw.

-perzentler menen qarım-qatnastı a`melge asrıwda olardın` jas o`zgesheliklerin esapqa alıw boyınsha usınıslar beriw.

- shan`araq ag`zalarının` o`z-ara mu`na`sebetleri ha`m ma`npa`a`tleri, olar arasındag`ı qarım-qatnastı durıs sho`lkemlestiriwdi ilimiy tiykarlaw.

**Izertlew jumisimizdin’ metodologiyaliq tiykarlari**: “Ta’lim haqqındag`ı” Nızam, “Kadrlar tayarlawdın` milliy da`sturi”, Prezidentimiz I. A. Karimov shıg`armaları, O`zbekistan Respublikası Sha`n`araq Kodeksi (Tashkent 1996 y), XXI a`sir shan`araq konsepsiyasi (Respublika Shan`araq ilimiy a`meliy orayı Tashkent 2002 j), V. Karimova Oila tafakkur va salomatlik (Boshlang’ich ta’lim N2 2005 y) E. G’oziyev «Muomila psixologiyasi» (Toshkent 2001 y), M. Mahmudova Oila munosabatlari psixologiyasi (Toshkent

2001 y), M. Maqsudova  Muloqot psixologiyasi (Namangan 2004 y), M. Inamova Oilalarda bolalarni ma’naviy-axloqiy tarbiyalash milliy qadriyatlar (Toshkent 1995 y) O. To`rayeva Oilada bola tarbiyasi (Toshkent 1995 y).

**Izertlew metodlari`:**

1. Baqlaw metodı. Shan`araqlıq mu`na`sebetlerdi baqlaw bul turmıs jag`daylarında shan`araq ag`zalarının` sırtqı minez-qulqın qabıl etiw ha`m u`zliksiz u`yrenip barıw tusiniiledi.
2. Anıq situatsiyalardı analiz qılıw metodı. Bul  metodta kompleks jantasıw talap etiledi, testler o`tkeriw, shan`araq ag`zalarının` biografiyalıq mag`lıwmatların analiz etiw yaki anıq maqsetli soraw o`tkeriw tu`siniledi.
3. Soraw metodı.

**İlimiy jumısta to`mendegi gipotezanı ilgeri qoydıq**:

1. Eger ata-analardın` pedagogikalıq-psixologiyalıq bilimleri sistemalı ra`wishte rawajlandırılıp barılıwı ha`m ata-ana perzentlerinin` jas ha`m individual psixoloiyalıq o`zgesheliklerin inabatqa alıwı na`tiyjesinde perzentler menen qarım-qatnasta shıgısqa ta`n a`dep ha`m qarım qatnas ma`deniyatına ra`waya qılınsa, qarım-qatnas na`tiyjeli bolıwı mu`mkin.

**Ilimiy jumistin’ teoriyaliq a’hmiyeti:** pitkeriw qa’niygelik jumistan keltirilgen mag’liwmatlar psixologiyanin’ jas ayirmashiliq psixologiyasi, balalar psixologiyasi, shan’araq psixologiyasi, pedagogikaliq psixologiya, sotsial psixologiya, joqari mektep psixologiyasi ha’m t.b. pa’nlerin teoriyaliq mag’liwmat penen toliqtiradi.

**Izertlew jumisinin’ a’meliy a’hmiyeti:**

Izertlew na’tiyjelerinen aling’an mag’liwmatlardi ta’lim mekemelerinin’ a’meliyatinda qollanıw, bilimlendiriw orinlarinda, ja’miyetke beyimlesiwine, ja’miyetlesiwine ja’rdemlesiwine ken’ imkaniyat jaratıp beredi.

**İzertlew jumısının` ilimiy jan`alıg`ı.**

İzertlewdin`  maqset ha`m wazıypalarınan kelip shıqqan halda shan`araqta ata-ana ha`m perzentler ortasındag`ı mu`na`sebetlerdi u`yreniwshi faktorlar arnawlı psixologiyalıq metodlar tiykarında u`yrenildi.

İzertlew jumısının` ilimiy juwmaqları ha`m na`tiyjeleri A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı pedagogika fakulteti pedagogika ha`m psixologiya ta`lim bag`darı talabalarının` pedagogikalıq a`meliyatı da`wirinde, kafedrada o‘tkerilgen turli seminar ha`m jıynalıslarda a`melge asırıldı.

**Bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumısının` du`zilisi**. Jumıs, kirisiw, 2 bap 8 paragraf, juwmaqlar ha`m usınıslar, paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## I -Bap. SHan`araqta ata-ana ha`m balalar mu`na`sebetlerinin` pedagogika ha`m psixologiyada u`yreniliwi.

### 1.1. SHan’araq turaqlilig’in ta’miyinlewshi faktorlardin’ psixologiya pa’ninde u’yrenilgenligi

O`zbekistanda ha`r bir shan`araq ham ha`r bir insannın` turmıs pa`rawanlıgın asırıw, puqaralardın` tatıwlıg`ın bekkemlew ma`mleket siyasatı da`rejesine ko`terilgen. Prezident İ.A.Karimov bul haqqındag`ı wazıypalar haqqında aytıp: “En` tiykarg`ı wazıypa – xalıqshıl, a`dalatparvar jamiyetti ju`zege keltiriw. Bul ja`miyet fundamentin , en` da`slep bay ha`m baylıq, miynet qa`dirin biletug`ın, ruwxıy jaqtan deni-saw ha`mde ma`deniy jaqtan ko`terin`ki mın`lap ha`m millionlap shanaraqlar quraydı”, - dep aytıp o`tedi.

O`zbekstan Respublikasında shan`arakqa ja`miyet ha`m ma`mleket g`amxorlıg`ı ku`n sayın artıp barmaqta. Sebebi u`lken – kishi jılg`alar ham saylardan u`lken dar`ya payda bolg`anı sıyaqlı shan`araqlar kompleksinen ja`miyet payda boladı. Belgili bir ja`miyettin` turmıs sisteması, sanasının` joqarılıg`ı mine usı shan`araqlar kompleksinin` da`rejesine baylanıslı. Solay eken, ja`miyetti rawajlandırıw ushın barlıq dıqqat – itibar shan`araqqa qaratılıwı lazım. Ha`r bir shan`araq ag`zasının` ja`miyetti tu`siniwi, miynet, nızam ha`m huqıqtı qay da`rejede tu`siniwi ha`m og`an ra`waya qılıwı ja`miyet rawajlanıwın belgilewshi za`ru`r faktor esaplanadı.

Shan`araq-ja`miyettin` tiykarg`ı ajıralmas bo`legi esaplanadı. Shan`araq degende, eki jınıstag`ı insanlardın` bir ja`ma`a`t - shan`araq bolıp du`zilisi, tınısh-tatıw turmıs keshiriwin tu`siniwi kerek. Sebebi shan`araq jigit ha`m qızdın` o`z- ara erkli qa`lewi, mehir-muxabbatı tiykarında payda boladı ha`m ol ha`r ta`repleme quramalı turmıstı payda etedi. Shan`araqtın` o`zine say o`zgeshelikleri, shan`araq ag`zalarının` bir-

birine salıstırg`anda talapları, wazıypaları bar. Shan`araq ruwxıy o`zgeshelikler birligine iye kishkene topar sıpatında basqa kishkene toparları sıyaqlı sotsial psixologiyanın` u`yreniw ob`ekti esaplanadı. Barlıqtın` sa`wleleniwi, psixologiyalıq sotsial nızamları biliw, mikrosha`rayatlardın` shaxsqa ta`sirin tu`siniw ja`miyet insan ushın onın` minez-qulqına ilimiy tiykarlang`an ra`wishte ta`sir o`tkiziwdin` jan`a imkaniyatların ashıp beredi.

Bizin` xalqımız uzaq ha`m bay tariyxqa iye bolıp, ata-babalarımız bizge o`zlerinen shan`araqlıq mu`na`sebetler, shan`araqlıq turmısqa tayarlaw, shan`araqta bala ta`rbiyası ma`selelerine ta`n biybaha u`lken miyrastı qaldırıp ketken. Qa`dimgi dun`yanın` ilimiy-filosofiyalıq shıg`armalarında solardan, Aristotel`, Aflotun, Geradot, Kant, Gegel` sıyaqlılar ha`mde shıg`ıs ma`mleketleri danıshpanlarınan İbn Sino, Alisher Nawayı, Amir Temur, Berdaq, Yusuf Xos Xojib, Kaykovus ha`m basqalar o`z qosıq qatarlarında eki insannın` o`zara mu`nasebetler go`zzallıg`ın aytıp o`tken, shan`araqtag`ı mashqalalar, ta`rbiya haqqındag`ı pikirlerin bayan etken. Olar jaqsı da`stu`rlerge tayang`an halda urp-a`detlerdi esapqa alıp jas a`wladqa baxıtlı shan`araq qurıw, u`y-ruziger tutıw, shan`araqta erli-zayıp mu`nasebetleri, balalardı aqıllı, a`depli ha`m turmıs qıyınshılıqlarına shıdamlı, sabırlı bolıw haqqında o`z qarasların ilgeri su`rdi. Danıshpan babalarımız qaldırg`an biybaha miyras bu`gingi ku`nde de ju`da` u`lken ahmiyetke iye. Qomusiy alım Abu Rayxan Beruniy miyrasında shan`araq, shan`araqlıq muna`sebetler, shan`araqta shaxstı qa`liplestiriw ma`seleleri jaratılg`an. Onın` «Wtmish avlodlardan qolgan yodgorlik», «Minerologiya», «Geodeziya» atlı shıg`armalarında mine usı ma`selelerge de itibar qaratqan. Olardan, «Minerologiya» shıg`armasında insan kewili ha`m turmısı gawxar sıyaqlı taza bolıwı kerek ekenligin aytıp o`tedi. Bul pikirler a`sirese hayallarg`a tiyisli bolıp, ullı ata-analar o`z qızlarına,

ullarına ma`slaha`t formasında tazalıq ha`m shan`araqta aqıllıq ornatıw, shan`araq bekkemligin uqtırıw kerekligin aytadı. Sonın` menen birge ol ag`ayinler ortasındag`ı nekeni qaralaydı ha`m o`zinin` «Hindiston» miynetinde bılay deydi: «Ag`ayinge u`yleniw mu`mkin emes. Ag`ayinler bir-birinen qanshelli uzaq bolsa, olarda qudalasıw imkaniyatı sonshelli ko`beyedi. Olardın` apa-sin`lileri, bo`le a`japaları, o`zara quda bolıwlarına haqıları joq».

Shıg`ıstın` ja`ne bir ullı oyshısı Abu Ali İbn Sino da o`z miynetinde shan`araqlıq turmıs haqqında qımbatlı pikirlerin bildiredi. Ol o`zinin` «Tadbiri manzil» miynetinde erli-zayıp jaqsı sıpatlarg`a iye bolıw kerekligi ha`m perzentine o`rnek bolıwı kerekligin aytadı. Sebebi, er adam shan`araqta baslıq rolin atqaratug`ın bolg`anı ushın ol shan`araqtın` za`ru`r talapların orınlawı tiyis, neni wa`de qılg`an bolsa o`z wa`desi u`stinen shıg`ıwı tiyis. İbn Sina sol da`wir hu`kimranlıg`ı ideologiyası qaraslarına qarsı hayallardın` ja`miyet ha`m shan`araqta tutqan ornına u`lken a`hmiyet beredi. Onın` pikirinshe, hayallar barlıq jerde erlerdin` mu`na`sip ja`rdemshisi bolıwı menen birge shan`araq bekkemligi ha`mde onın` en` jaqın ja`rdemshisi esaplanadı. İbn Sina o`zinin` «U`y-jay tutıw ilajları» haqqındag`ı miynetinde hayallardın` 15 qa`siyetin sanap beredi:

1) Hayal-hayal ekenligin umıtpawı kerek
2) iybelilik
3) ziyrek ha`m parasatlılıq
4) o`zine qarawg`a da waqıt tabıwı kerek
5) o`mirlik joldasına mehir-muhabbatlı bolıwı
6) perzent ko`re alatug`ın
7) ezbe bolmawı
8) shıdamlı bolıwı
9) kewili taza

10) awır

11) ekonomist

12) bilimdan, dinge sıyınatug`ın

13) jaqsı qa`siyetli

14) o`mirlik joldasına awır ku`nlerde ja`rdem beriw

15) tabiiy jaratılısı ku`shli bolıwı kerek

Ol biywapa erli-zayıplardı qaralaydı. Shan`araqtı buzıwg`a alıp baratug`ın sebep usı biywapalıq deydi.

XI- asirde jasap do`retiwshilik etken Yusuf Xos Xojib ta shan`araqlıq turmıs haqqında qımbatlı pikirlerin bildirgen. Ol «Qutadg`u bilig» miynetinde shan`araqtın` qa`liplesiwi haqqında aytıp o`tedi. Shan`araqta qa`liplesken mehir-muhabbattın` rolin tastıyıqlaydı. Shan`araq insang`a qatar juwapkershilikler, qatar sotsial ham aqılıy wazıypalardı ju`kleydi, olardı orınlaw erli-zayıptın` minneti. Erli-zayıp ortasında muhabbat bolıwı lazım. Bekkem shan`araq qurıw ushın fizikalıq jaqtan erjetkenlik sezimi jetkilikli bolmaydı, onda ruwxıy kamalat ta zaru`r deydi.

Shan`araq ha`m neke mu`nasebetlerdin` xarakterin Aflotunnın` tu`sindiriwinshe, patriarxal shan`araqtı o`zgermes, baslawısh sotsial yacheyka deb analiz etken edi. Sebebi ma`mleket shan`araqlardın` birigiwinen ju`zege keledi. Aflotun hayal ham erkekler sıyaqlı gu`resip biliw a`detlerin ha`m usılların o`zlestiriwleri lazımlıg`ın aytadı. Ol deni saw a`wladtı ta`miyinlew maqsetinde anıq usınıslar islep shıqqan edi. Onın` pikirinshe, saw ha`m turmısqa iykemlesiwshen` perzentlerdi 20-40 jasqa shekem bolg`an hayal menen 55 jastan aspag`an erler dun`yag`a keltiriwi mu`mkin. Olardan tuwılatug`ın perzentler basıq, deni-saw, aqıllı bolıp jetilisedi.

Prezidentimiz I.A.Karimov ayriqsha aytip o’tkenindey, «SHig’ista a’yyem-a’yyemnen shan’araq muqaddes Watan sanalg’an. Hadalliq, ras so’zlik,

ar-namis, mehir-a’qibet, miynetsu’ygishlik siyaqli barliq insaniyliq pa’ziyletler, en` aldi menen, shan’araqta qa’liplesken».

Haqiqattan, Shig’istin’ ulli alimlari ha’m oyshillarinin’ biri esaplang’an Abu Nasr Farabiy, Abu Rayhan Beruniy, Abu Ali ibn Sina, Yusuf Has Hajib, A’lisher Nawayi, Husayn Voiz Koshifiy, Zahiriddin Muhammad Babur, Rizouddin ibn Faxruddin, Ahmad Danish, Abdulla Avloniy, Fitrat ha’m basqalardin’ shig’armalarinda Orayliq Aziyada jasap atirg’an xaliqlar, tiykarinan, o’zbek, qaraqalpaq xalqinin’ shan’araqliq turmisi, ondag’i o’z-ara mu’na’sibetlerinin’ (ayriqsha er-hayal) milliy psixologiyaliq o’zgeshelikleri, er-hayaldin’ waziypalari, shan’araqtin’ turmis ta’rizi, ta’rbiyaliq ortalig’i ha’m basqalar haqqinda qımbatlı pikirler bar.

SHan’araqliq turmis ha’m ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler ma’deniyatina ta’n ma’seleler ulli alimlar Muhammad ibn Ismail Buxariy, At-Termiziy do’retiwshiliginde ha’mde tasavvuf filosofiyasinin’ u’lken alimlari bolg’an Ahmad Yassaviy, Baxovuddin Naqshband, Najmiddin Kubro tariqatlarinda da teren’ pikirler bildirilgen.

Shig’is oyshillarinin’ ilimiy-ma’deniy miyrasin u’yrener ekenbiz, olarda bayan qiling’an turmisliq qag’iydalari, ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler ma’deniyati, perzent kamalati, erkek penen hayal mu’na’sibeti, insaniyliq pa’ziyletlerinin’ qa’liplesiwi haqqindag’i qimbatli pikirler shig’is xaliqlari, tiykarinan, o’zbek xalqinin’ awizeki do’retiwshiligi, eposinin’ (o’zbek xaliq maqallari, ertekleri, dastanlari, a’psanalari, ra’wayatlari) u’zliksiz baylanislig’i tiykarinda quralg’an ilimiy-ma’deniy miyras ekenligin ko’remiz.

O’zbek xalqinin’ awizeki do’retiwshiligi ha’m eposlarinda ma’rtlik, hadalliq, kemtarliq, isenim, muhabbatqa opadarlıq, dosliq, a’dalatliliq, miynetsu’ygishlik, ha’m pikirlilik, arastaliq, go’zalliq, aqilliq, isenim, hu’rmet-izzet, shan’araq abıroyi ha’m maqtanishin’ qorıqlaw, tuwilg’an jayina muhabbat, jaqsiliqqa umtiliw, ha’dal ha’m pa’k jasaw ullilang’an. Bul waqiyaliqti biz Alpamis, Go’rug`li, Aysuliw, Layli ha’m Ma`jnun, Yusuf ha’m

Zulayha - siyaqli qatar  xaliq da'stanlarinin' qahramanlari misalinda ko'riwimiz mu'mkin.

«A'yyemgi eposlarda hayallar menen erkekler ten' sotsial  oring'a iye shaxslar sipatinda sa'wlelenedi, hayallar erlerinen qalispaytug'in batır qilip su'wretlengen».

Su'yip turmis quriw, muhabbaqta wapadarliq, shan'araqliq tatiwliq siyaqli insaniyliq o'zgeshelikler Orta Aziya xaliqlari, tiykarinan, o'zbek uriwlari ha'm illetlerinin' xarakterli o'zgesheligi sipatinda saqlanip qalg'an.

Ma'lim bolganinday, muqaddes  dinimiz islamda, onin' tiykarg'i derekleri esaplang'an Qurani Ka'rim ha'm Ha'dislerde ha'm shan'araqliq turmis ha'm er-hayal mu'na'sibetlerinin' barliq ta'repleri haqqinda qimbatli mag'liwmatlar ha'm shariy nizamlar jaratilg'an. Islamda bolajaq shan'araqtin' payda boliwina ayriqsha itibar berilgen. SHa'riat  boyinsha nekeden o'tiwde to'mendegi qag'iydalarg'a a'mel qiliw tiyis bolg'an. 1. Nekeleniwshierdin' o'z-ara razilig'i. 2. Neke jasina toliw. 3.Nekeni guwalar qatnasiwinda du'ziw. 4. Kelin ushin qalin to'lew. 5. Diniy isenim birligi. 6.Nekeleniwshiler jaqin qarindas bolmaslig'i. 7. Taypalar boyinsha ten'lik. 8.Nekeden o'tiwshilerdin' ruwxiy ta'repinen salamat boliwi.

Bul sha'rtlerge a'mel qilinip du'zilgen neke g'ana haqiyqiy esaplanip, ta'replerdi tiyisli huqiq ha'm ma'jbu'riyatlar menen ta'miyinlengen.

Qurani Karimde shan'araqtag'i er menen hayaldin' orni belgilep berilgen. Shariat hu'kiminshe,  er menen en' aldi menen shan'araqtin' barliq materialliq ha'm ruwxiy ta'replerine juwapker, oni shetten bolatug'in ha'r qanday illetlerden qorg'aytug'in shaxs. Mine solar ushin ha'm erkek kisi ushin pa'ziylet esaplang`an awir-basiqliq, shan'araq ruwzıger terbetiwdegi isbilermenlik siyaqli sipatlar barlig'i sebepli ol shan'araqtin' baslig'i esaplanadi. Jaqsi hayal diyanatli, erdin' u'yin abat etetug`ın ha'm og'an bir o'mir opadar bolg`an hayallar. Qurani Karimnen er-hayal shan'araqliq mu'na'sibetlerge ta'n misallardi ko'plep keltiriw mu'mkin.

Ha’tte a’wladlarimizdin’ muqaddes dini esaplang’an zardushtiylikte de neke ha’m shan’araqliq wazıypa ma’selesi za’ru’r a’dep-ikramliliq orinda turg’an. Zardushtiylikte ko’p hayalliq qatan’ qadag`an etilgen. Sonday-aq o’mirdi boydaq o’tkeriw de qaralang’an. Balag’atqa jetken qiz ata-ana ha’m ja’ma’a’ttin’ rayin pisent qilmay, qa’sttan turmisqa shiqpay ju’rse, ol qapqa salinip, 20 darra urıw menen jazalang’an. Eger erkek kisi usi joldi tutsa, og’an tamg’a basilip badnam qiliw maqsetinde beline shinjir baylap ju’riwge ma’jbu’r etilgen. Avestoda aytiliwinsha, erkek en’ aldi menen u’yleniw ushin materialliq ha’m ruwxiyliq ta’repinen toq ha’m muqaddes kitapta shan’araq quriw, jubin halal tanlawda asiqpawg`a jol qoymasliq, ata-analar, u’lkenler ma’sla’ha’tine qulaq saliw tiykarinda da diqqatqa sazawar oy-pikirler bar. Sonin’ menen birge, onda neke ha’m talaqtin’ (ajraliwdin’) o’zine ta’n o’lshemleri birme-bir keltirip o’tilgen.

Zardushtiyliktin’ a’dep-ikramliliq o’lshemleri jiyindisinda hayallar ma’selesine de ayriqsha orin berilgen. Zardushtiylikte shan’araq muqaddes sanalg’ani ushin basqa sebeplere ko’re, tiykarinan, do`hmet, er-hayaldin’ o’z-ara kelispewshiligine, ata-ana menen shig’isa almasliq ba’nesi menen nekeni biykar qiliwg’a jol qoyilmag’an.

Uliwma, zardushtiylikte te, islamda da nekeden eki ta’rep ten’ ha’m mu’na’sip boliwi aytip o’tilgen. Neke ta’rtipleri ha’m turmisliq ta’jiriybelerine ko’re, kelin ha’m ku’yew na’sil-na’sibenen, sotsial orninan, bilim-da`rejesinen, aqıl-parasatta, ilim-isenimde, mulkdarliqta bir-birlerine ten’ boliwi maqul tabilg’an. Sonin’ ushin, SHig’is xaliqlarinda jaslardi shan’araqliq turmisqa tayarlawda, olarda birinshi na’wbette insaniy pa’ziyletler qa’liplesken boliwi, shan’araqtin’ muqaddes ekenligi, oni abaylap-asiraw u’y biykelerine baylanisli haqqinda a’wladlarimizdan bizge shekem jetip kelgen na`siyatnama da, hikmetnamalarda ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye bolg’an qimbatli na’siyatlar gu’rrin’ etiledi.

Tiykarinan, turk alimi YUsuf Tavasliy toplag’an «Hikmetler g’a’ziynesi» degi kelin boliwshi qizg’a beriletug’in ana na’siyati kisinin’ itibarin

o’zine tartadi. Onda ana turmisqa shig’ip atirg’an qizina to’mendegilerdi na’siyat qiladi: «Balajanim, su’yikli qizim, meni jaqsilap tin’la. Na’siyat bilmegen u’yretedi, bilgenin esine saladi. Allah bergen nizamg’a ko’re, turmisqa qa’dem qoyatug’in ha’r bir qiz erge, ha’r bir erkek hayalg’a mu’ta’j boladi. Erkekler hayal ushin, hayallar erkek ushin jaratilg’an. Turmis bar eken, bul nizamdi hesh kim buza almaydi. Usi sebepli sen tuwilip o’sken ha’m u’lkeygen u’yinen, jaynap-jasnap, oynap-ku’lip ju’rgen jerinen shig’ip, o’zin’ bilmeytug’in, biytanis u’yge barasan. Keleshekte bul u’y seniki. Sen erin`e sonday xizmet qil, ul ha’m sagan qul bolsin. Sen og’an jer bol, ol sag’an aspan bolsin.

Aytqanlarima a’mel qilsan’ erin’ menen go’zzal turmis keshiresizler, baxtiyar ha’m saadatli turmis ko’resizler. Bizler ha’m (ha’r eki shan’araq bizin’ ha’m, erin’nin ha’m shan’arag’i) huzur-halavatda bolamiz. Bolmasa eki shan’araqta ha’m tinishliq bolmaydi. Sen o’zin’ ha’m dozaqda jasag’anday bolasan.

Qizim: Endi sag’an aytatug’in on u’gitime qulaq sal: Bulardi ba’rqulla yadin’da tut:

1.Qanaat iyesi bol. O’z halina shukir qil. Yag’niy, erin’ u’yge ne alip kelse, ol ga jeytug’in, ga kiyetug’in na’rse bolsin, xushpeyillik penen, go’zzal a’dep penen qabil qilip al: Erin’e raxmet aytıp, xushnudlik ko’rset. Baxitli turmis keshiriwdin’ bir joli o’z halina shukir etmaqliqdir, halina shukir etpegen o’z na’pisini tiymegen kiside kewil tinishlig’i, qa’lb ra’ha’ti bolmaydi.

2.Ku’yewine boysin, qil degen jumisların qil, qilma degenin qilma:Yag’niy, erin’ menen sa’wbetleskende, so’yleskende boysiniwshi boliwdi, onin’ so’zlerin a’dep penen tin’lap orinlawin senin’ so’ylewin, qulaq saliwinan tu’sinip alatug’in bolsin. Sonda Allah tala sennen xushnud ha’m u’yin’iz saadat nurinan janip turadi.

3.Erin’di ko’zi tu’setug’in jaylarg’a jaqsi itibar ber: Yag’niy, u’ydin’ ishini, sirtin ju’da’ taza tut, sonday qil, erin’di ko’zine bir shirkin jer ko’rinbesin.

4.U’st-basin’di taza tut. Erin’ tek jaqsi iyisti sezsin, jaman iyis kelmesin. Jaman iyisler erin’ ko’z aldinda senin’ abiroyindi tu’siredi. Sennen jirkeniwge sebeb boladi. Soni javqsi bil, tazaliq ha’m zariflik en’ jaqsi na’rseler, insan ko’zine xush ko’rinishlik solar bilan.

5. Awqatti waqtinda tayarla. Yag’niy awqatlaniw waqtin hesh qashan keshiktirme. Erin’ qashan awqatlaniwg’a u’yrengen bolsa, usi waqitta awqatti tayarla. Ol keliwi menen da’rriw da’sturxan sal. Soni jaqsi bilin’ki, ashliq insannin’ tez ashiwin keltiredi.

6.Uyqi waqtin, oyaniw waqitin jaqsi bilip al: Yag’niy, onin’ qashan uyqig’va jatiw waqti bolsa, ornin tayarlap qoy. Uyqisizliq insandi qapa etedi. Nervlerinin’ buziliwi, qapa adamlardin’ iqtirasin, muhabbatin a’ste-sekin so’n’diredi.

7. Erin’di mali ha’m zatina ju’da’ itibarli bol : Yag’niy, erin’di mal du’nyasin jaqsi saqla, zatlarin avayla, qorg’a. Onin’ mal du’nyasi senniki. Erin’di mal du’nyasin zaya qilmasliq jumis biliw ha’m qa’dirine jetiw demek.

8. Erin’di qarindas ha’m jaqinlarina hu’rmet ko’rset: Yag’niy, erin’di qarindaslari ha’m jaqinlarina hu’rmet-onin’ itibarin qazanmaq demek. Olardi hu’rmet qiliw-erin’di hu’rmet qiliw demek. Bul qadir ha’m itibar qazaniw.

9.Erin’nin’ sirin basqalarg’a aytpa: Yag’niy, erin’nin’ bazi sirlarin bilgen waqtin`da iqtiyat bolip, oni saqlap, birewlerge aytip ju’rme. Eger aytip qoysan’, onin’ g’a’zebin keltirip qoyasan, isenimin jog’altasan. Bunda du`zip atirg’an shan’arag’in’iz buziladi.

10. Erin’nin` dinin`e tuwri keletug’in barliq buyriqlarin orinla: Hesh qashan og’an boysinbawshi bir ha’reket bolmasin. Eger bir sonday ha’reket bolsa, sag’an kin saqlap, aqiri dushpan boladi. Ol sag’an dushpanliq jolin tutsa, sen ha’m ko’p ziyan ko’resen ha’m qolin’dan hesh na’rse kelmeydi».

Ko’rinip turiptı, xaliq awizeki do’retiwshiligi ha’m diniy ideyalar ha’mde hikmatnamalar awizeki ta’rizde a’wladdan-a’wladqa ko’ship, sayqallasqan halda saqlanip kelgen bolsa, xalqimiz arasinan jetisip shiqqan danishmand ha’m alimlar a’ne sonday qimbatli mag’liwmatlardi xaliq

da’stu’rleri ha’m qa’diriyatlarina tayang’an halda o’z shig’armalarinda sa’wlelendirgen halda ilimiy-ma’deniy miyras sipatinda kelesi a’wladlar ushin qaldirg’an. SHan’araqliq turmis ha’m ondag’i mu’na’sibetler babinda Ahmad Danishtin’ qaraslari ayriqsha itibarg’a ilayiq. Ol o’zinin’ «Nodir voqealar» shig’armasinda shan’araqliq turmistin’ tu’rli tarawlari, tiykarinan neke a’depleri, uyleniw sha’rtleri, muhabbat ha’m su’yishgenlerdin’ a’debi, qa’ynene-kelin nizalari, perzentlerge wa’siyat, ka’sip-o’nerlerinin’ paydasi haqqinda qimbatli pikirlerdi bayan etken. Onin’ pikirinshe, ha’r bir insan belgili jasqa jetkennen keyin onda uyleniw ha’m shan’araq quriwg’a za’ru’rlik payda boladi. Bul da’wirge kelip insan shan’araq-neke mu’na’sibetleri, shan’araqliq turmis quwanishlari ha’m ta’shiwishlerinen xabarsiz, shan’araqli baxit, perzent ta’rbiyasi, erkek-hayalliq ha’m ata-analiq burishlarin tu’sinip jetkendir. Ahmad Danish uyleniw sha’rtlerine usi da’wir ushin ta’n bolg’an o’zgesheligi turmis kuriwshilardin’ biran-bir ka’sip iyesi ekenligin, u’y-jay iyesi boliwin, shan’araq ha’m shan’araqliq turmis ma’selelerin iyellep alganliqlarin na’zerde tutadi. Usi da’wirge ta’n u’yleniw sha’rtleri (qiz ta’repinen qoyilg’an) jan’a shan’araqtin’ pa’rwanlig’i, to’kisligin ta’miyinleytug’in faktorlardan esaplang’an.

Ahmad Danish usi da’wirdegi uyleniwdin’ maqseti ha’m motivi o’zine ta’nligi, sog’an karamay, hayallardin’ ha’m erkeklerden izzet na’psi barlig’i, olar o’zlerin erkeklerden kem tutmaslig’i, sonin’ ushin olardin’ haq-huqiklarin qorg’aw za’ru’rligin aytip o`tedi. Ahmad Danishtin’ qaraslarinda ha’m shan’araqtin’ baxti, shan’araq pa’rawanlig’i onin’ bekkem ha’m turaqlilig’i hayalina, onin’ a’dep-ikramliliq ha’m ruwxiyliq kamalatina baylanisli.

SHanaraq turaqlilig’in belgilewshi shaxslar araliq mu’na’sibetler ta’sirine ta’n qimbatli mag’liu’matlar ha’zirgi shan’araqliq turmis ha’m onin’turaqlilig’in ta’miyinlewde ha’m za’ru’r a’hmiyetke iye b oladi.

## 1.2. Ha’zirgi zaman shan’araqlarinin’ tiykarg’i turleri ha`m funktsiyalari.

Ha’zirgi zaman shan’araqlarinin’ qanday tu’rlerge iye ekenligi ha’m olardin’ ja’miyetlik - psixologiyaliq qa’siyetlerin biliw, olarg’a ta’n mashqalalardi u’yreniw, shan’araqtag’i turmista ushirasiwi mu’mkin bolg’an qolaysizliqlardin’ aldin aliw imkaniyatlarin beredi. To’mende solar haqqinda qisqasha toqtap o’temiz.

Shan’araq oni xarakterlewshi tu’rli temperamentlerge muwapiq to’mendegilerge pariqlanadi

1. Toliqlig’ina qaray toliq, toliq emes ha’m qayta du’zilgen (ekinshi neke) shan’araqlar.
2. Buwinlar sanina qaray nuklear (ata-ana ha’m balalardan ibarat bolg’an) ha’m ko’p buwinli (eki ha’m onnan ko’p bolg’an a’wladlardan ibarat shan’araq ag’zalari birge jasawshi) shan’araqlar.
3. Balalar sanina qaray perzentsiz, bir balali, eki balali, q.n’ balali, o’ ha’m onnan artiq balali shan’araqlar.
4. Er -hayaldin’ sotsialliq kelip shig’iwina qaray jumisshilar,diyxanlar, xizmetkerler, ziyalilar shan’arag’i, aralas tiptegi shan’araqlar.
5. Er-hayaldin’ mag’liwmat da’rejesine qaray joqari mag’liwmatlilar, orta arnawli, orta, toliq emes orta ha’m ha’r tu’rli da’rejedegi mag’liwmatlarg’a iye bolg’an qalin’liqlardan ibarat bolg’an shan’araq.
6. SHan’araqtin’ jasina qaray jas shan’araq (bir jilliq, u’sh-bes jilliq h.t.b) , orta jastag’i shan’araq, jetik jastag’i shan’araq (g’arrilar shan’arag’i).
7. Qalin’liqlardin’ ata-ana shan’arag’inin’ bayliq penen ta’miyinlengenlik da’rejesi ta’repinen qudalardin’ bir-birine sa’ykes yaki olar arasinda u’lken ayirmashilig’i boyinsha bir-birine sa’ykes yaki sa’ykes bolmag’an shan’araqlar.
8. Regional ta’repine qaray qala, awil, aralas tiptegi shan’araq.

9. Nekeden qaniqqanliq da’rejesine qaray ajirasiw da’rejesinde - nekeden qanig’iw da’rejesi to’men da’rejede bolg’an shan’araq, orta da’rejede ha’m nekeden qaniqqanlig’i joqari da’rejedegi shan’araq.

10. SHan’araqta hayal yaki erkek jetekshiligine qaray erkek jetekshi bolg’an shan’araq, hayal jetekshi bolg’an shan’araq, er-hayal jetekshiliktibirge orinlaytug’in shan’araq.

11. SHan’araqta er-hayal arasindag’i qatnasiqlarg’a qaray avtoritar, demokratiyalıq, liberal, aralas tiptegi shan’araqlar.

12. Er-hayaldin’ milletine qaray bir milletli yaki internatsional shan’araqlar.

Internatsional shan’araqlardi o’z na’wbetinde ekige bo’liw mu’mkin:

- dini, u’rip-a’deti yaki tili bir toparg’a kirgen millet wa’killeri arasindag’i nekeler, misali: o’zbek, ta’jik, o’zbek- qazaq, o’zbek- tu’rkmen, rus-ukrayn, o’zbek- tatar h.t.b.

- dini, u’rip- a’deti yaki tili toparg’a kirmegen millet wa’killeri arasindag’i nekeler, Misali. o’zbek-rus, ozbek- nemets h.t.b..

13. Yuridikaliq rasmiylestirilgenligine qaray sinawdag’i shan’araq, rasmiylestiriw aldindag’i shan’araq, nekedegi shan’araq, nekeden tisqari shan’araq. Nekeden tisqari shan’araqtin’ ayirimlari jasirin bolsa, ko’pshiligin erkektin’ birinshi shan’arag’i ha’m ag’ayinleri biledi.

Ha’r bir shan’araq ja’miyetlik dizim strukturasi sipatinda ja’miyet aldinda ma’lim bir funktsiyalardi orinlaydi.

Barliq aldin’g’i ja’miyetlerde shan’araq to’mendegi tiykarg’i funktsiyalardi orinlag’an ekonomikaliq, reproduktiv, ta’rbiyaliq, rekreativ, kommunikativ, regulyativ (basqariw). Bul haqqinda shig’is alimlari Abu Nasir Farabiy, Yusup Has Hajib, Ibn Sino, Amir Timur, A.Nawayi, A.Donish ha’m basqalar o’z shig’armalarinda jazip qaldirg’an.

Bir qatar shan’araq izertlewshi qa’nigeler ta’repinen shan’araqtin’ tiykarg’i funktsiyalari tu’rlishe klassifikatsiya qilinbaqta.

Ha'zirgi zaman shan'arag'inda emotsional ha'm sotsialliq-psixologiyaliq protsesslerdi qandiriw funktsiyasinin' a'hmiyeti artip barmaqta. Seziwshen'lik, emotsional kontaktlerdin' a'hmiyeti qala shan'araqlarinda ku'shlirek an'lanbaqta. Awil shan'araqlari bolsa, u'y haywanlari ha'm egis jerlerdin' barlig'i esesine qala shan'araqlarina qarag'anda ja'miyettin' o'ndirisin, funktsiyasin ko'birek saqlap qalmaqta. Insaniyat rawajlaniwinin' ha'zirgi basqishinda ha'zirgi zaman shan'arag'inin' tiykarg'i funktsiyalari qatarinda to'mendegilerdi qarap o'tiw mu'mkin.

**SHan'araqtin' ekonomikaliq funktsiyasi-** Shan'araqtin' ekonomikaliq funktsiyasi onin' tiykarg'i funktsiyalarinan biri esaplanadi.SHan'araq ekonomikasi, byudjeti, tabisin jobali sariplaw, ku'ndelik qa'rejetke, za'ru'r buyimlarg'a pul ajiratiw, bir neshe jildan son' alinatug'in na'rselerge aqsha jiynaw, tejep jumsaw er- hayaldin' u'lken ta'jiriybe, uqipqa iye boliwina baylanisli. Sonday-aq shan'araqta o'sip atirg'an bala da usi ko'nikpe ha'm uqiplarg'a iye boliw za'ru'rligin umitpag'an halda balag'a ekonomikaliq ma'selelerdi sheshiwdi u'yretip bariw kerek.

Shan'araq o'zinin' usi funktsiyasi arqali ja'miyetke, ma'mleketke u'lken ekonomikaliq payda keltiredi. Misali, bala ta'rbiyasi, balani ekonomikaliq ta'miyinlew barisinda onin' ja'miyetke keltirgen paydasi u'lken mug'dardi quraydi. Buni ma'mleket ta'repinen, ma'mleketlik orinlarda bir balani 17 – 18 jil ta'rbiyalap, jumisshi ku'shi sipatinda jetilistiriw ushin oni bag'iw, kiyindiriw, oqitiw, materialliq ta'miyinlew h.t.b ma'mleket ta'repinen ha'r bir balag'a sariplanatug'in qa'rejet ha'm usinday jumisshi ku'shin shan'araqta ta'rbiyalaw ushin beriletug'in napaqa pullari mug'darin salistiratug'in bolsaq, ortadag'ipariq birinshiler paydasina bir neshe ju'z min' jumdi quraydi. Ha'r bir balani er jetkiziw ushin shan'araq ma'mleketke keminde bir Neksiya avtomashinasi bahasi mug'darinda ekonomikaliq payda keltiredi.

Shan'araqta xojaliq jumislarin ju'ritiw, materiyalliq zatlar islep shig'ariw, fermer xojalig'i, jeke islep shig'ariw siyaqlilar onin' ja'miyet aldindag'i ekonomikaliq funktsiyasinin' a'hmiyetin arttira beredi.

**Shan’araqtin’ reproduktiv funktsiyasi-** SHan’araqtin’ a’hmiyetli funktsiyasinan ja’ne biri bul onin’ reproduktiv (ja’miyettin’ biologiyaliq u’zliksizligin ta’miyinlew, balalardi du’nyag’a keltiriw) funktsiyasi. Bul funktsiyanin’ tiykarg’ia’hmiyeti insan tu’rin dawam ettiriwden ibarat. SHan’araq tek jan’a a’wladti du’nyag’akeltirip gene qalmastan, olardi insaniyat payda bolg’an da’wirden baslap jasap kiyatirg’an ilimiy ha’m ma’deniy jetiliskenlikleri menen tanistiriw, olardin’ salaiatlig’in sadlap turiwdan da ibarat. Ta’biyattan berilgen a’wlad qaldiriw instinkti adamda perzent ko’riwge, olardi o’siriwde ha’m ta’rbiyalawg’a bolg’an za’ru’rlikke aylanadi. Bul za’ru’rliklerdi qaniqtirmastan adam o’zin baxtiyarseze almaydi. Sonday aq er - hayalda perzent tuwiliwi menen baylanisli halda pu’tkilley jan’a sezimler. hayalda-analin’, erkekte-ataliq sezimi payda boladi. Perzent er-hayal mu’na’sibetlerin bekkemlewshi tiykarg’i ilaj.

SHan’araqtin’ ja’miyet aldindag’i reproduktiv funktsiyasi ha’m onin’ orinlaniwi delingen de xaliq saninin’ qayta tikleniwi ushin ha’r bir shan’araqta neshe perzent boliwi kerekligi na’zerde tutiladi.

Statistikaliq mag’liwmatlarg’a bola eger ha’r bir shan’araqta bir perzent bolatug’in bolsa, bunday xaliq segizinshi a’wladtan keyin joq bolip ketiwi mu’mkin eken. Ha’r bir shan’araqta ekiden perzenttin’ boliwi da xaliq sanin saqlap turiwdi ta’miyinley almaydi. Demograflardin’ tastiyiqlawinsha, shan’araq o’zinin’ reproduktiv funktsiyasin orinlawi ushin ha’r bir shan’araqqa ortasha g’,u’ perzent tuwri keliwi kerek. Tek shan’araq ja’miyet aldindag’i funktsiyalarin orinlap qalmastan, ba’lki ja’miyet te shan’araqlarg’a funktsiyalarin na’tiyjeli orinlaw ushin za’ru’r bolg’an sha’rt- sharayatlardi jaratip beriwi kerek. Hu’kimetimiz ta’repinen ju’ritilip atirg’an demografik siyasat, ekonomikaliq, ja’miyetlik ha’m huqiqiy jumislar bug’an aniq misal bola aladi.

**SHan’araqtin’ ta’rbiyaliq funktsiyasi -**SHan’araqtin’ ja’ne bir a’hmiyetke iye bolg’an ta’rbiyaliq funktsiyasi.

Balalardin’ aqil, fizikaliq, a’deplilik, estetikaliq ta’rbiyasina shan’araqta tiykar salinadi. SHan’araq insan dep ataliwshi u’ydin’ tek fundamentin qoyiw menen sheklenbesten, onin’ son’g’i derbishi quyigg’ansha juwapker. Ata-ana sanaatkar, bala sanaat shig’armasi, ta’rbiya protsesi bolsa sanaattin’ o’zi. Ga’rezsizlikke eriskenimizden son’ milliy qa’diriyatlarimizdin’ tikleniwi ha’m xalqimiz burinnan saqlap kiyatirg’an milliy u’rip- a’detlerimiz, da’stu’rlerimiz ( Bala ta’rbiyasinda ata-anadan basqa, ata-kempir apa, ag’ayin-tuwisqanlar, ma’ha’llenin’ ta’siri) u’lken a’hmiyetke iye. Lekin bazida shan’araqtin’ ta’rbiyaliq funktsiyasinin’ pa’seyiwi ha’m u’git na’siyat jumislarinin’ kemligi na’tiyjesinde shan’araq ag’zalari qulqinda jaman a’detlerdin’ ( ishiw, shegiw, narkomaniya, tu’rli diniy ag’imlar ta’sirine beriliw, buziqliq jolina kiriw) payda boliwi tinishsizlandirarli hallardan biri. Ja’miyettin’ ka’mil puqarasin qa’liplestiriw, ta’rbiyalaw ha’zirgi zaman shan’arag’inin’ arnawli funktsiyasi da’rejesine kiredi. Shan’araqtag’i ta’rbiya arqali shaxsqa ma’lim bir siyasiy-ideyaliq du’nya qaras a’deplilik normalari ha’m minez- quliq u’lgileri fizikaliq sipatlar sin’diriledi. Xalqimizda “’qus uyasinda ko’rgenin qiladi” dep quri aytilmag’an. Shan’araqta a’melge asatug’in ja’miyetlik protses na’tiyjesinde shaxs ja’miyetlik normalar ha’m qag’iydalardi o’zlestiredi, ja’miyetlik turmisqa kirip baradi.

**Ja’miyettin’ kommunikativ funktsiyasi-** SHan’araqtin’ kommunikativ funktsiyasi shan’araq ag’zalarinin’ o’z-ara qatnasi ha’m o’z-ara tu’siniwge bolg’an za’ru’rligin qandiriwg’a xizmet qiladi.

Insaniyat rawajlaniwinin’ ha’zirgi basqishinda texnika rawajlaniwinin’ joqarilap, adamlardin’ ku’ndelikli turmisinin’ urbanizatsiyalasiwinin’ (radio, televidenie, video, kompyuter ha’m basqalar) artip bariwi, shan’araqlardin’ nuklearlasip baratirg’anlig’i menen shan’araqtin’ kommunikativ funktsiyasinin’ a’hmiyeti, shan’araq ag’zalarinin’ bir-biri menen adamlarday gu’rrin’lesip aliwdin’ a’hmiyeti artip barmaqta. Bul orinda qaraqalpaq shan’arag’inin’ o’zine ta’n qa’siyeti ko’p a’wladliliq, ko’p perzentlilik siyaqlilar bunday shan’araq ag’zalari ortasinda o’z ara qatnas tolig’iraq amelge asiwina tiykar boladi.

olardin’ o’z-ara qatnasqa bolg’an iqtiyajlarin qandiriwda a’hmiyetli rol oynaydi. Biraq son’g’i jillarda bazi shan’araqlarda ata-analar ha’m balalar ortasinda so’ylesiwdin’, qatnastin’ kemlili, bir-birine itibardin’ pa’seyiwi, shan’araq ag’zalarinin’ ortasindapikir erkinliginin’ sheklengenligi, shan’araqtag’i o’z-ara mu’na’sibetlerdin’ jamanlasiwi na’tiyjesinde shan’araq ag’zalarinin’ ayirimlarinda stress, suitsid (o’z janina qast etiw) siyaqli jaman jag’daylardin’ kelip shig’iwida gu’zetilmekte. Bunday jag’daylardin’ aldin aliw ushin en’ da’slep shan’araq ag’zalari ortasinda a’shkaraliq, jaqin, o’z-ara tu’sinerli, isenimli qatnastin’ a’melge asiwi ushin za’ru’r sha’rt-sharayatlardi jaratiw, kerek bolsa bul boyinsha jaslarg’a tiyisli bilimlerdi beriw xaliq ushin psixologiyaliq ma’slahatxanalar xizmetin jolg’a qoyiw, treningler sho’lkemlestiriw kerek.

**SHan’araqtin’ rekreativ funktsiyasi-** Neke shan’araq mu’na’sibetleri ju’zege kelgen da’slepki zamanlardan beri xarakterli bolip kelgen o’zgesheliklerinen biri, ondag’i shaxslar arasindag’i mu’na’sibetler talaplarinan biri oni o’z ag’zalarinin’ a’deplilik-psixologiyaliq qorg’aniwin ta’miyinlew, sonday-aq balalarg’a ha’m miynetke jaraqsiz yaki kekse ag’ayinlerge materialliq ha’m fizikaliq ja’rdem ko’rsetiw siyaqlilardan ibarat bolip kelgen.

Bul jag’day o’z na’wbetinde shan’araqtin’ tiykarg’i funktsiyalarinan ja’ne biri, onin’ rekreativ funktsiyasin quraydi.

SHan’araqtin’ rekreativ o’z ara fizikaliq ham materiyalliq ruwxiy ham psixologiyaliq ja`rdem korsetiu’ bir-birinin’ salamatlig’in bekkemlew, shan’araq ag’zalarinin’ dem aliwin sholkemlestiriw funktsiyasi.

Shan’araq ag’zalarinin salamatlig’in bekkemlew shan’araq ag’zalarinin’ dem aliwin sholkemlestiriw, shan’araq ag’zalarinin’ miynet oqiw ham jamiyetlik miynetlerinen basqa bos waqitlarin birgelikte o’tkiziwlerin qalay sholkemlestiwlerin, onda bulardin’ o’z-ara mu’nasabetler xareketeri qanday ekenligi bu’gingi ku’n shan’arag’inin’ bekkemligi ushin a’hmyetke iye bolg’an ilajlardan esaplanadi. Bos waqit jamiyettin’ juda’ a’wmiyetli ja’miyetlik qadiriyatlardan adamlar tu’rlishe paydalanadi. Bos waqitti qalay o’tkiziwine

qaray ha’r adamnin’ jetiklik da’rejesine, ruwxiy du’nyasina baha beriw mu’mkin. Bul boyinsha erisilgen jetiskenliklerden biri dem aliw ha’m salamatlastiriw islerine ma’mleket ta’repinen a’hmiyet berile basladi. Ha’zirgi waqitta shan’araq ag’zalarinin’ dem aliwi, turizm ha’m shan’araqliq ma’resimler shen’beri ken’eyip barmaqta.

Ha’zirgi waqitta shan’araqtin’ reakreativ funktsiyasin ma’mleket ha’m ja’miyetlik sho’lkemler o’z moynina almaqta. Adamlardin’ qa’wipsizligin ta’miyinlew, qa’riyalarg’a biypul meditsinaliq ja’rdem ko’rsetiw, adamlardin’ dem aliwlari ha’m o’z sawliqlarin tiklep aliw imkaniyatlarin beretug’in dem aliw u’yleri ha’m sanatoriyalar ashiliwi siyaqlilar usilarg’a kiredi. Adam tek o’z shan’arag’inda gene tek o’z jaqinlari arasinda o’zin qa’tirja’m, erkin seze aliwi mu’mkin. Bul boyinsha shan’araqtin’ ornin hesh bir ja’miyetlik orinlar basa almaydi.

**Shan’araqtin’ felitsitologiyaliq funktsiyasi-** Ha’zirgi zaman shan’arag’inin’ ahmiyeti artip baratirg’an funktsiyalarinan biri onin’ felitsitologiyaliq funktsiyasi (italiyansha –“felitsite” - baxit). Jeke baxitqa erisiwge umtiliw shan’araq mu’na’sibetler diziminde ko’p jaqlama sheshiwshi bolip barmaqta. Baxit o’zi ne? Ha’zirgi zaman shan’arag’i o’z ag’zalarinin’ baxtin ta’miyinlewde qanday rol atqaradi?

Baxitqa umtiliw ha’r bir insan ushin ta’rbiya ha’m usi baxitqa umtiliw olardi shan’araq quriwg’i umtildiradi. Insan o’zine berilgen baxittin’ to’rtten u’sh bo’limin shan’araqtan, sherekke jeter-jetpes bo’limin basqa na’rselerden tabadi. SHan’araqta er-hayaldin’ bir-birin toliq tu’siniwi - olardin’ o’zlerin baxitli seziwlerin ta’miyinleydi. Keuingi waqitlarda insannin’ imkaniyatlari artqan sayin onin’ baxitqa umtiliw da’rejeside artip barmaqta. Lekin, bazi bir jaman jollar menen pul tabiw arqali baxitli boliwg’a umtiliw yaki basqalar esabina jeke baxitqa umtiliw siyaqli unamsiz jag’daylarda ushirasadi. Bazida bolsa shan’araq ag’zalarinin’ jeke baxitqa o’zinshe umtiliwi shan’araqlarda qolaysiz jag’daylardi keltirip shig’ariwi mu’mkin. Sonin’ ushin ha’r bir shaxs o’zinde ko’birek

hu’jdanliliq,pa’klik, hadalliq siyaqli ruwxiy-a’deplilik paziyletlerdi ta’rbiyalawg’a itibar beriwi kerek.

**Shan’araqtin’ regulyativ funktsiyasi-**SHan’araqtin’ regulyativ funktsiyasi shan’araq ag’zalari ortasindag’i o’z-ara mu’na’sibetlerdi basqariw dizimin, shan’araqta u’stinlik ha’m abiroydi a’melge asiriwdi o’z ishine aladi. Bunda u’lkenler ta’repinen jas a’wladti qadag’alaw ha’m olardi materialliq ha’m ruwxiy jaqtan qollap-quwatlaw na’zerde tutiladi. Buring’i zamanlarda shan’araqta kim shan’araq basliqi boliwi, onin’ abiroyi ha’m u’stinligi ko’rsetilgen ha’m shan’araqtin’ usi ag’zasi pu’tkil o’miri dawaminda o’z perzentleri ha’m basqada ag’zalarinin’ ha’reketleri ha’m qulqi ushinda juwapker bolg’an. Ata-anasina boysinbag’anlardi jazalaw hallarida na’zerde tutilg’an.

Ha’zirgi zaman egalitar shan’araqlarda bolsa shan’araqtin’ basqariw funktsiyasi tiykarinan a’deplilik normalari, shan’araq ag’zalarinin’ jeke abiroyi ha’m birinshi na’wbette ata-analarinin’ balalarg’a bolg’an mu’na’sibetlerindegi abiroyi siyaqlilar ja’rdeminde a’melge asiriladi.

Bazi shan’araqlarda shan’araqti basqariw, og’an basshiliq etiw shan’araq ag’zalarinin’ qizig’iw ha’m imkaniyatlarin esapqa alg’an halda a’melge asirilsa, bazi shan’araqlarda liderlikke umtiliwi na’tiyjesinde shan’araq ja’njellerinin’ artip bariwi, balalardin’ ha’r trepleme itibardan shette qaliwi, na’tiyjede jinayatshiliq ko’shesine kirip ketiwi siyaqlilar gu’zetiledi. Bazi shan’araqlarda hayal liderliginin’ orin aliwi er bala shaxsinda hayallarg’a ta’n qa’siyetlerdin’ ko’beyip bariwina alip keliwi mu’mkin.

Shan’araqtin’ basqariw funktsiyasi shan’araq ag’zalarinin’ qulqi, juwapkershiligi, waziypalari siyaqlilardi da basqariwdi, qadag’alawdi o’z ishine aladi. Adam shan’araq qurg’annan son’ onin’ ja’miyetlik o’zligi o’zgeredi. Endi ol “u’ylenbegen jigit” , “turmisqa shiqpag’an qiz” emes, “shan’araqli” adam. Ol o’zinin’ ha’reketlerinde, minez-qulqinda shan’araqli adamg’a ta’n ta’rizde qaytadan ko’rip shig’adi, u’yleniw sebepli onin’ juwapkershiligide artadi. Erkektin’ ha’m hayaldin’ qulqida endi o’zine ta’n basqariladi.

**Shan'araqtin' relaksatsiya funktsiyasi-** Ha'zirgi zaman shan'arag'inin' en' tiykarg'i funktsiyalarinan biri relaksatsiya funktsiyasi. Bul-shan'araq ag'zalarinin' jinisiy, emotsional xizmetin, ruwxiy- fizikaliq quwatin, miynet qa'biletin ja'ne qayta tiklew demekdur. Pa'n-texnikanin' rawajlaniwinin' ha'zirgi basqishinda islep shig'ariw mu'na'sibetlerinin' jedellesiwi, xaliq xojalig'inin' tu'rli tarawlardajan'a texnologiyalardin' en' jaydiriliwi, usi siyaqli qatar ilajlar insan ruwxiyatina aldin'g'ilarg'a qarag'anda ko'birek fizikaliq, ruwxiy zorig'iwlar bermekte. Jumis ku'ni dawaminda ko'terin'kilik, ku'shli zorig'iw menen islegen xizmetker, jumisshi jumistan son' u'yinde, shan'araq ag'zalari ortasinda basqa ta'shwishti umitip, olar og'an ko'rsetetug'in hu'rmetten raxatlanip, olar menen bolatug'in o'z-ara qatnas, olar ta'repinen bolatug'in emotsional qollap-quwatlaw, beriletug'in ta'sellelerden ruwxiy quwat alip, erten'gi ku'n miynet xizmetine o'zin qayta tiklep aliwi kerek boladi. Bunin' ushin onin' shan'arag'inda tinishliq, tatiwliq, o'z-ara tu'siniw, o'z-ara hu'rmet, mehir-aqibet, unamli psixologiyaliq jag'day boliwi kerek. Bolmasa adam bul shan'araqta emotsional jaqtan, ruwxiy jaqtan o'zin qayta tiklep ala-almaydi. Bul adamnin' miynet xizmetinde tu'rli qa'telerge, jaraqatlaniwg'a jol qoyiwina, tu'rli keselliklerge duwshar boliwina alip keliwi mu'mkin. Joqaridag'i funktsiyalardin' jaqsi orinlaniwi ha'r qanday shan'araq ushin shan'araq baxitin ta'miyinlewshi tiykar esaplanadi. Shan'araq- ja'miyettin' bir bo'legi, onin' tiykarg'i yasheykasi. Sonin' ushin shan'araqtin' o'z funktsiyalarin na'tiyjeli orinlaniwi tek onin' ishki jag'dayina, sonin' menen birge ja'miyettin' sawlig'inada ta'sir etedi. Solay eken ja'miyetti salamatlastiriw ushin en' da'slep shan'araq mu'na'sibetlerin jolg'a qoyiw, shan'araqtin' tek ishki mashqalalari gene emes, uliwma ja'miyetlik mashqalalarin da sheshiwge u'les qosiwin ta'miyinlew kerek.

## 1.3. Shan’araq ta’rbiyasi mashqalalarin sheshiwde milliy ha’m uliwma insaniyliq qa’diriyatlardan paydalaniw.

Insan faktorin ha’r ta’repleme kamal taptiriw, o’z-ara ja’rdem, ortaliq mu’na’sibetlerin ja’nede jaqsilaw, jeke shan’araqliq ha’m sotsial turmisinda a’piwayiliq ha’m hadalliq, ras so’zlik siyaqli ruwxiyliq a’dep-ikramliliq insanlarg’a ta’n bolg’an sipatlari ja’nede rawajlantiriw tiykarinda respbulikamizdin’ sotsial-ekonomikaliq rawajlaniwin jedellestiriw da’wirimizdin’ en’ za’ru’rli keleshek rejelerinen esaplanadi.

Kisilik ja’miyeti turmisin rawajalniwi tariyxinan ma’limki, bala shaxsinin’ jetilisiwi shan’araqta qa’liplesedi.

Shan’araq ja’miyet turmisin alg’a su’riwshi, oni ja’nede joqari basqishlarina ko’terip rawajlantiriw, keleshek a’wladlarin ta’rbiyalap jetilistiriwshi, kamal taptiriw ushin juwapker bolg’an za’ru’r oshag’i.

Ja’miyetimiz rawajlaniwi o’zinin’ rawajlaniw nizamliqlarina tiykarlang’an halda shaxs jetikligin shama qiliwshi ha’m ta’rbiya na’tiyjeligin asiriwshi faktorlarin payda etiwshi talabin qoymaqta. Usi menen birge respublikamiz rawajlaniwi menen shan’araq, onin’ ba’rshe turmisliq basqishlari keskin o’zgerislerge ushirap atirg’anlig’i esten shig’armasliq kerek. Bizin’ jan’a shan’araq payda etiw barasindag’i tabislarimiz so’zsiz SHan’araq erkekler ha’m hayallar toliq ten’ huqiqlig’i, shan’araq ushin tepe-ten’ juwapkershiligi tiykarinda quraladi. Biraq jan’a shan’araqti payda etiw a’piwayi jumis emes. Bul quramali protsess bolip, onin’ o’z mashqalalari bar. G’a’rezsiz shan’araq onin’ en’ za’ru’r negizlerinen biri.

Respublikamiz materialliq texnika bazasinin’ rawajlaniwi o’z na’wbetinde shan’araqtin’ materialliq ha’m ruwxiyliq jetilisiwine, bul o’z na’wbetinde shan’araqtag’i balalar ta’rbiyasina ol yaki bul da’rejede ta’sir ko’rsetedi. Miynetkeshlerdin’ turmis sharayatlarinin’ jaqsilaniwina, parawanlig’ina alip keledi.

Shan’araqtag’i da’ramatlardin’ asiwi, bir ta’repten, ata-analardin’ bilimleri ha’m ma’deniy turmisinin’ jaqsilaniwina sebep bolsa, ekinshi ta’repinen, shan’araq ag’zalarinin’ joqari ruwxiyliq iqtiyajlarinin’ jaqsi qa’liplesiwine, shan’araqliq mu’na’sibetlerinin’ rawajlaniwina, bayiwina, u’lkenler ha’m kishiler arasindag’i so’ylesiw mazmuni jaqsi ta’sir ko’rsetpekte. Usi sebepten bolsa kerek, respublikamizdin’, ja’ma’a’tshiliktin’ diqqat-itibari shan’araqlardi bekkemlew, jan’a shan’araqlardi payda boliwi ha’m qa’liplesiwine qaratilmaqta. Jaslardi shan’araqliq turmisqa tayarlaw da’wir talabina aylanip barmaqta.

Shan’araq ha’m shan’araqliq ta’rbiya mashqalalari ishinde ata-analardin’ ta’rbiyashiliq ma’deniyatin asiriw ha’m olarg’a uliwma ta’rbiyag’a ta’n bilim beriw da’wirimizdin’ aktual ma’selelerinen biri. SHan’araqlardi pedagogika tabislari menen tanistiriw olardin’ bekkemligin ta’miynlew qurallarinan biri. Ekinshi ta’repten, bul o’z na’wbetinde, balalardin’ ta’rbiyasina tiyisli forma ha’m metodikalarin qa’liplestiriw jollarin biri. Sonin’ qizig’iw ha’m qarim-qatnas xarakterine jaman ta’sir ko’rsetedi. Baxitqa qarsi ha’zirgi waqitta ata-analardin’ islep shig’ariwda ko’plep shug’allaniwlari sebepli o’zlerinin’ toliq ta’rbiyaliq waziypalarin orinlay almasliqlarin tastiyiqlamaqta.

Shan’araqliq ta’rbiya sotsial ta’rbiya menen tig’iz baylanista bolsa o’sip kelatirg’an jas a’wlad parawanlig’in ta’miynlew mu’mkin. Ol yaki bunisinin’ joqlig’i ta’rbiyaliq protsesske jaman ta’sir ko’rsetedi.

Respublikamizda ha’zirgi ku’nde shan’araqlardin’ sotsial a’hmiyeti artip barmaqta. SHan’araqlardin’ materialliq za`ru`rliklerin toliq qanaatlandırıw tiykarinda balalar ta’rbiyasi ushin juwapkershilikti ku’sheytiriw protsessi ku`sheyip barmaqta. Biz ushin shan’araq bekkemligin ta’miynlewshi a’dep-ikramliliq psixologiyaliq baylanislar da ju’da’ za’ru’r. Usi baylanis shan’araqliq mu’na’sibetler, toliq sezimlik, emotsionalliq, ataliq ha’m analiq shan’araqliq baxitti ta’miynlew za`ru`rliklerin qanaatlandıradı.

Ata-analarg’a pedagogikaliq bilim beriw, shan’araqliq ta’rbiya boyinsha ta’jiriybe almasiwi, ata ha’m analardi ta’rbiya jumislarina qizg’in

tartiw olardi mektepke, ma’ha’lle komitetlerine mira’t etiw maqsetke muwapiq. Ata-analardin’ bul haqqındag’i en’ za’ru’r waziypalari balalari jetilisiwin aldinan oylawlari, ta’rbiya maqsetin aniqlaw esaplanadı. Qoyilg’an maqsette a’melge asiriw xizmeti sheberlik penen sho’lkemlestiriwge baylanisli. Bunin’ ushin

A) Balalardin’ turmisi ha’m shinig’iwin tuwri sho’lkemlestiriw (rejim, oyin, miynet, u’ydegi oqiw isleri, sport ha’m sog’an uqsas).

B) O’zinin’ shaxsiy xizmeti ha’m dem aliwin sho’lkemlestiriw (jumista, u’y xojalig’inda, balalardi ku’tiwge, oqiwda, dem aliwda, jas a’wlat ta’rbiyasi ju’zesinen ja’ma’a’t islerine ha’m basqa). Biraq, bul joldа bir qansha qiyinshiliqlar bar. Bizge belgili, shan’araqta bir metodika ayriqsha qollanilmaydi, ba’lkim ba’rshe metodikalar birgelikte qollaniladi. Bizin’ ha’zirgi sharayatimizda ko’birek isendiriw ha’m og’an birgelikte metodikalar ko’birek engiziledi (misali, maqullaw, xoshametlew). Ma’jbu’r etiw basqalarg’a qarag’anda ja’rdemshi usil sipatinda qollaniladi.

Demek ta’rbiya usillari ha’m metodikalarin tan’law olardi rawajlandiriw ha’m engiziw shan’araq turmisinin’ za’ru’r formasi. Jas a’wlad ta’rbiyasinin’ tabisi qanday da bir ayriqsha aling’an usillarina emes, ba’lki oylap ha’m jaqsi sho’lkemlestirilgen metodikalar sistemasına baylanisli. SHan’araqta qollanilg’an ol yaki bul usillar haqqinda ga’p ketkende, soni este saqlaw lazim, eger shan’araqtin’ turmis ta’rizi, turmisi ha’m moralina usillar tan’lansa, ta’rbiyaliq na’tiyjeliktin` artıwı yaki say kelmese, kerisinshe boliwi turmista ko’plep baqlang’an.

Shan’araqta balalardi ta’rbiyalaw o’zinin’ bir qansha milliy o’zgesheliklerine iye. Olar xaliqtin’ qa’liplesken shan’araqliq da’stu’rleri, u’rip-a’detleri, xaliqtin’ psixologiyasi, turmisi ha’m turmis ta’rizi.

Respublikamiz balalarg’a ko’rsetetug’in a’meliy ta’sirin shan’araq arqali a’melge asiradi. Shan’araqtin’ balalarg’a ko’rsetetug’in ta’sir ortalig’i sonshelli u’lken, ol ja’miyet ta’siri menen birgelesip ketedi. Sonın` ushin ata-

analarin, shan’araqlarda ta’rbiyag’a ta’n bilimler menen, ta’rbiya metodikalari menen qurallandiriw ju’da’ za’ru’r.

Ta’rbiyag’a ta’n bilim beriw mashqalasi tek ata-analardin’ jumisi bolip qalmastan, ba’lki ba’rshe adamlardın` jumisi, ken’ ma’nide ma’mleket a’hmiyetine iye jumis. Respublikamiz qararlarinda aytip o’tilgenindey, ba’rshe sho’lkemler, miynet ja’ma’a’tleri, uliwma ja’miyet a’dep-ikramliliq salamat, ruwxiy bay, bekkem shan’araqti payda etiw tuwrisinda, analar haqqindag’i olardi turmisqa ha’m miynetke tayarlaw tuwrisindag’i juwapkershiligin asiriw za’ru’r.

Ga’p sonda, ja’miyetimizdegi ha’r bir toliq shaxs balalardin’ ta’rbiyashisi boliwi, jan’a insandi ha’r ta’repleme kamal taptiriwshi ba’rshe halatlarda, shart-sharayatlarda qatnasiwi tiyis. Ha’r bir jigit-qiz bolajaq ata-analar. Usi sebepli ja’miyetimiz olardin’ qanday shan’araq quriwlarina biypariq qarap tura almaydi. Respublikamiz balalardi jetilisken insan qilip ta’rbiyalaw waziypalarin, shan’araqlardin’ bekkemligi ta’rbiyaliq mag’liwmatin asiriw za’ru’rligin ko’terip shiqpaqta. Bul ma’sele ha’zirgi ku’nde ha’r qashang`ıdan da za’ru’r.

Ataqli pedagoglar ta’rbiyani maqsetke muwapiq sho’lkemlestiriw sharayatlarinan biri ata-analardi ta’rbiyaliq sawatxanlig’inda, dep esaplang’an edi. Ata-analardi ta’rbiyag’a ta’n ha’m psixologiyalıq bilimler menen sho’lkemlestiriw mu’mkin emes.

Demek, shan’araq turmistin’ ta’rbiyaliq ta’repinen tuwri sho’lkemlestiriw ushin oqitiwshilar, ken’ ja’ma’a’tshilik pedagogika pa’ni arqali xaliqqa ja’rdem beriw, ata-analarg’a ta’rbiyaliq bilim beriw dizimin islep shig’iwlari tiyis.

Pedagog-alimlar izertlewlerinde da’lillengen, shan’araqliq ta’rbiyag’a ta’n jumislar to’mendegi sharayatlarda orinlansa onin’ na’tiyjeligi ja’nede asadi.

1. Mektep o’zinin’ ba’rshe ta’sirleri jiyindisi shan’araqliq ta’rbiya protsessine izbe-iz bag’darlansa.

2. Oqitiwshilar ja’ma’a’ti shan’araq penen o’z-ara birgeliktegi da’wirinde o’zlerinin’ etnikaliq-pedagogikaliq ta’rbiyaliq talaplarin tuwri sho’lkemlestire alsa.

3.Xaliq bilimlendiriw bo’limi ha’m mekemeler sho’lkemlestiriwshisi ata-analardi ta’rbiyaliq protsesske tarta alsa.

4. Oqitiwshilar ta’repinen shan’araqliq ta’rbiyag’a basshiliq, balalar mektepke kelmesten aldin baslansa ha’m bul jumis olardin’ ba’rshe oqiw jillarinda dawam ettirilse.

Bul ma’selelerdi jaqsi sheshiwde qala, rayon orinlaw komitetleri ha’m xaliq ta’limi bo’limlerinin’ ta’rbiyashiliq mu’mkinshilikleri ken’eyip atirg’an waqittag’i ta’siri ha’zirgi ku’nde za’ru’r a’hmiyetke iye boladi. Demek, ma’mleketimizde uliwma ta’limdi sipat ta’repinen tu’pten jan’alaw tiykarinda jaslardi ha’r ta’repleme kamal taptiriw ushin xaliqqa ta’rbiyaliq bilim beriwdi ha’r qashang`ıdan da joqari da’rejege ko’teriw bizin’ muqqades burshimiz.

Shan’araqtin’ sotsial ku’sh-quwati onin’ ta’rbiya beriw mu’mkinshiliklerinde, sotsial aktiv insandi ta’rbiyalaw qa’biletlerinde ekenligin ha’mmemiz bilemiz. Biraq bile turip ha’mme waqit bul mu’mkinshiliklerden paydalana almaymiz yaki ta’rbiya beriwde o’zimiz sezbegen halda qa’telerge jol qoyamiz.

Baqlawlar soni ko’rsetedi, ata-analarg’a ta’rbiyag’a ta’n uliwma ta’lim beriwde sheshimin ku’tip atirg’an mashqalalar mu’na’sebetler, ayirim ata-analardin’ ma’deniyati ha’m mag’liwmatinin’ pa’s da`rejede ekenligi, bar ta’rbiyag’a ta’n bilimlerin o’zlestiriwge kesent beredi. Turaqsiz keypiyat, turmisliq o’zgerisler shan’araqliq ortaliqta qarama-qarsiliqti payda etedi. Ata-analardin’ aniq bir-birin tu’sinbeslikleri ha’m o’z-ara kelispewshilikleri, yaki balanin’ janin aliwlari, onin’ minezine egoizm ko’rinistegi jag`daydı payda etedi. Atalar bunday jag`daylarda jazalawg’a mayillik, analar mu’la`yimliq, biyta’replik jag`daylarda boladi. SHan’araqlardi ha’r ta’repleme u’yreniw, olardin’ xizmetlerin salistirip taliqlaw ha’m bahalaw maqsetinde ko’plep

shan’araqlarda ta’biyg’iy baqlawlar alip barıladi, shan’araqliq maresimlerde qatnasadi.

Alip barilg’an baqlawlar na’tiyjesinde to’mendegi juwmaqlardi shig’ariw mu’mkin.

A) Shan’araqliq ta’rbiya na’tiyjeligin asiriw faktorlarinan biri bala shaxsin kamalg’a jetkeriw ushin oni ha’r ta’repleme u’yreniw, sonin’ menen birge, shan’araqliq ta’rbiya usillari ha’m formalarina do’retiwshilik jantasiw, oni rawajlandiriw. Jaslardi ha’r ta’repleme u’yreniw olardi oqiwg’a, miynetke, o’z-o’zin orap turg’an ortaliqqa, insan jetilisiwi ushin za’ru’r bolg’an sipatlarinan en’ za’ru’rlerin ajirata aliwg’a u’yretiw mu’mkinshiligin beredi.

B) Ata-analar ortasinda ta’rbiyag’a ta’n bilimlerdi engiziw, ayriqsha, shan’araqliq ta’rbiyada qiyinshiliqqa ushirap atirg’an ata-analarg’a ja’ma’a’tshilik ja’rdemin ku’sheytiriw tiyis.

V) Shan’araqliq ta’rbiyada jaqsi tabislardi qolg’a kiritken ata-analardin’ ta’jiriybelerinen paydalaniw ushin olardi mekteptin’ ken’eytirilgen jiynalislarina, ata-analar komitetlerinin’ ma’jilislerine mira’t etiw ha’m o’z ta’jiriybeleri menen ortaqlasiwdi jolg’a qoyiw za’ru’r. Olardan o’nimli paydalaniw ushin  mekteplerde ata-analar ku’nine engiziw za’ru’r.

G) Ata-analar komitetleri basshilarinin’ tikkeley basshilig’inda radio baylanislardi sho’lkemlestiriw. Bunda «Ata-analar erte ta’rbiyashi», «Ata-analardin’ bala ta’rbiyasindag’i jeke u’lgileri ha’m olardin’ a’hmiyeti», «Jaslardi miynetke, turmisqa u’yretiw ha’m tayarlawda shan’araq, mektep ha’m ja’ma’a’tshilik birgeligi» ha’m sog’an uqsas temalardag’i esittiriwlerin tayarlap, izbe-iz o’tkeriw za’ru’r.

D) Balalardi xaliq awizeki do’retiwshiligine ta’n qizig’iwlardi rawajlandırıw maqsetinde sa’wbetler, gu’rrin’ler, ertek ha’m da’stanlar oqip esittiriwdi jolg’a qoyiw tiyis.

Ma’lim bolg`aninday, ha’r qanday ata-ana o’z balasina tikendi rawa ko’rmeydi, tu’rli qiyinshiliqlar, qa’wip qa’terlerdin’ aldin aliwg’a umtiladi. Ata o’z perzentlerinen maqsetke umtiliwshiliq penen ajiralip turadi. Bunday sipatlar

ul-qizlig'inan qatiy na'zer insan iyelewi tiyis bolg'an sipatlar esaplanadi, olarsiz toliq insan shaxsi kamal tappydi. Bunin' da'lilin ja'ne sonda ko'riw mu'mkin, ana qolinda atasiz u'lkeygen ul balada erkeklerge ta'n basshiliq pa'ziyletke mu'ta'jlik ku'shli boladi, ayriqsha, ol jetiklik jasina jetkende bul za`ru`rlik ja`ne de ku'sheyedi.

Atag'a bolg'an muxabbat – bul birinshi na'wbette og'an bolg'an hu'rmette o'z sa'wlesin tabadi. Atanin' abıroyi onin' o'zine ta'n jekeliginde ko'rinedi. «Mag'an uqsap orinla», «Men qanday islesem sen de solay isle» siyaqli qag'iydalarg'a a'mel qilinadi. Na'zerimizde ul bala minezinin' o'zine ta'nligi ha'm sonday qatti ha'reketlerde o'z sa'wlesin tabadi.

Demek ata-ana o`z perzentlerine o`zlerinin` arasındag`ı bolıp atırg`an mu`na`sebetleri arqalı o`z perzentlerine u`lgi boladı eken.

## II-Bap. Shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` na`tiyjeleri.

### 2.1. Shan`araqtag`ı perzentler menen qarım-qatnas quralları ha`m da`rejeleri

Balalardı jaslıg`ınan da`slep shan`araqta, son`ın ala ta'lim mekemelerinde qarım-qatnasqa u`yretip barıladı. Qarım-qatnasqa u`yretiwdin` usıllarınan biri shınıg`ıwlar ta`rzinde qa`liplestiriw esaplanadı. Balanı mektepke shekemgi bilimlendiriw menkemeleri sha`rayatında ta`rbiyashı tu`rli shınıg`ıwlar o`tkerip qarım-qatnasqa kirisiwge u`yretedi. Da`slep elementar o'zin tutıw, u`lkenler menen qalay so`ylesiw kerek, sa`lem beriw, minnetdarshılıq bildiriw sıyaqlı usılları paydalanılıp barıladı. Mektep jası da`wirinde ha`m keyin ala shaxsqa sotsial-psixologiyalıq treningler sho`lkemlestiriw arqalı qarım-qatnasqa u`yretiledi. Shaxstın` o`zi bul usıllarg`a unamlı mu`na`sebet bildiriwi, aktiv ha`reket etiwi za`ru`r. Cebebi shaxs qarım-qatnasta bolmastan xızmet sub`ekti sıpatında da, individual insan sıpatında da tolıq jetilise almaydı. Ta`jiriybeli psixolog A. A. Bodalevtın` pikirinshe, ha`tte oyın xızmetine bala qarım-qatnasta boladı. Ta'lim protsessinin` tiykarında qarım-qatnasqa u`yretiw ma`selesi birinshi orında turadı. Qala berse miynet ta'limi protsessinde adamlar ba`rqulla qarım-qatnasqa za`ru`rlik sezedi. Qarım-qatnastın` ta`rbiyalıq a`hmiyeti sonda, ol insannın` dunyaqarasın ken`eytedi ha`m psixikasın rawajlandıradı. Yag`nıy barlıq ruwxıy protsessler qarım-qatnas arqalı qa`liplesip baradı.

Shaxstın` erklik sıpatların rawajlandırıw arqalı da onı qarım-qatnasqa u`yretiw an`sat boladı.

Sotsiallasiw faktorlarinan en' za'ru'r ha'm ta'sirshen`i, yag'niy ja'miyettin' jetekshi buwini shan'araq esaplanadi. Shan'araqta balanin' sirtqi waqiyaliqta ta'sir etetug'in na'rse ha'm qubilislardi seziwi qa'liplese baslaydi. Shan'araqtag'i ortaliq shaxslar araliq mu'na'sibeti ata-ananin' mag'liwmatliliq da'rejesi, sotsial orni, materialliq ta'miyinlengenligi balanin' turmis jolin belgilep aliwg'a ja'rdem beredi. Ata-ana ta'repinen balaga beriletug'in sanali

maqsetli ta'rbiya, shan'araq ishindegi ortaliq balag'a ta'sir ko'rsetedi, na'tiyjede perzentte jas o'tiwi menen shaxs du'zilisinde o'zgerisler ko'zge taslanadi.

O'spirimler ta'g'dirine shan'araq qurami ha'm onin' ag'zalari arasindag'i o'z-ara  mu'na'sibetler qatti ta'sir etedi. SHanaraqliq sharayattin' jaqsi bolmaslig'i sotsial awir a'whaldag'ilar yaki ta'rbiyasi awir o'spirimlerge ta'n.

Sotsiallasiwdin' bir qansha avtonom psixologiyaliq mexanizmleri bar bolip, bunin' na'tiyjesinde ata-analar o'z balalarina ta'sir qiladi.

Birinshisi, bekkemlew. Balanin' minez-qulqin xoshametlep u'lkenler oni tuwri dep biledi ha'm belgilengen qag'iydalardi buzg'anlig'i ushin balani jazalap, ata-analar sanasina ja'miyet qag'iydalarin belgilengen dizimin sin'diredi. Olarg'a a'mel qiliw bala ushin a'ste-seyin a'det ha'm ishki talapshanliq bolip qaladi.

Ekinshisi, identifikatsiya. Bala ata-anasina salistiriladi ha'm olarg'a uqsawga ha'reket qiladi.

U'shinshisi, tu'sinbewshilik. Balanin' ishki du'nyasin bilip turip ha'm onin' mashqalalarina aniq juwap beriw arqali ata-analar onin' sanasi, du'nyaqarasi ha'm so'ylesiw sipatlarin qa'liplestiredi.

Ata-analar ha'm balalar ortasindag'i emotsional tondi psixologlar bo`lekli shkala ko'rinisinde oylawlari, bir ta'repinde maksimal jaqin, issi, mehir-a'qibetli mu'na'sebette bolg'anlar tursa, basqa bo`liminde –uzaqlasqan, suwiq ha'm dushpan bolg'anlar turadi. Birinshi jag`dayda ta'rbiyanin' tiykarg'i qurali bolip itibar ha'm xoshametlep tursa, ekinshisinde – qatti qolliq ha'm jaza turadi. Birinshi bag'dardin' ustinligin da'lilleytug'in ko'pshilik baqlawlar bar. Ata-ana mehrinin' qattilig'i, og'an mu'na'sibettin' kemliginde bala o'zine joqari baha beriwde basqalar menen jıllı, dostana mu'na'sebetler bekkem jaqsi «men» obrazinda, shaxsqa aylanip qaladi. O'spirimde ushiraytug'in psixofiziologiyaliq ha'm psixosomatikaliq o'zgeriwshenlik, nevrotikaliq nerv buziliwi, so'ylesiwdegi, aqiliy xizmetindegi yaki oqiwdag'i qiyinshiliqtin' ju'zege keliwi-jaslig'inda ata-anasinin' diqqat-itibari ha'm mehiri jetispewi a'qibetinde kelip

shig’atug’in na’tiyjeler.  Ata-ana ta’repinen suwiqqanliq ha’m diqqat-itibarsizliq balalarda an’lap bolmaytug’in o’z-ara qarama-qarsiliqti (ja’njel) keltirip shig’aradi. Bul dushpanliq  ata-anag’a qarag’anda aniq ko’riniwi menen birge, jasirin da boliwi mu’mkin. Bazi bir o’spirimler ta’repinen bolatug’in, hesh qanday jamanliq qilmag’an biygana adamlarg’a qarag’anda o’zine esap bere almaytug’in, motivlestirilmegen qatti qolliq ko’pshilik jasliqtag’i sezimler ta’sirinde boladi.  Ata-ana  qadag’alawinin’ turli usillarin ja’ne shkala ko’rinisinde  oylaw mu’mkin, bir jag`ında balanin’ joqari aktivligi, o’zbetinsheligi ha’m sho`lkemlestiriwshen`ligi ha’m basqasinda-passivlik, qaramliq ha’m  qulaq saliw ha’m basqalardi kiritiw mu’mkin. Eger ata-analar ta’rbiyada demokratiyaliq usildi qollap-quwatlasa, o’spirimlerdin’ ata-ana menen bolg`an mu’na’sibetlerinde jaqinliq boladi. Bul metodika ko’pshilik da’rejede o’zbetinshelik, aktivlilik ha’m sotsial juwapkershilikti ta’rbiyalawda a`hmiyetke iye boladı. Bul jag`dayda balanin’ minez-qulqi bekkem, sistemalı ha’m iyiliwshen, usi menen birge ratsional ko’riniste boladi. Ata-ana ba’rqulla o’zinin’ talaplari motivlerin tu’sindiredi ha’m oni o’spirim menen dodalaniwin xoshametleydi hu’kimranliq tek za’ru’r waqitta qollanıladı, balada qulaq saliwliq penen birge o’zbetinshelik qa’dirlenedi. Ata-ana qag’iyda ornatadi ha’m olardi turmisqa bekkem engizedi, biraq o’zin ayipsiz esaplamaydi, ol balanin` pikirine qulaq saladi, biraq o’zinin’ qa’lewinen kelip shiqpaydi.

Mu’na’sibetlerinin’ en’ aqirg’i ko’rinisleri avtoritar yaki liberal ta’repi. Ol unamsız na’tiyjeler beredi. Avtoritar metodika balalarda ata-analardan uzaqlasiwina (biyganalasiwina) o’zlerin shan’araqta a’hmiyetsiz ha’m kerek emeslik sezimin keltirip shig’aradi. Ata-ana talaplari tiykarsiz bolsa, qarama-qarsiliq ha’m agressiyani yaki a’detiy  apatiya ha’m passivlikti keltirip shig’aradi. Shidamliliq ta’repine awiw sonin’ menen birge perzentte  ata-analardin’ og’an qarag’anda jumisı joqtay sezimin oyatadi ha’m onda juwapkershiliktin` qa’liplesiwine kesent beredi.

O’spirinlerdi ata-analar menen o’z-ara mu’na’sebette tusiniw ushin jas o’tken sayin bul mu’na’sibetler waziypalari ha’m olar menen baylanisli bolg`an

tu’sinikler qanday o’zgeriwin biliw tiyis. Bala ko’z aldinda ata ha’m ana bir qansha ko’riniste ko’rinedi: emotsional jıllılıq ta turtki deregi siyaqli (olarsiz bala o’zin qorg’awsiz sezedi), hu’kimdar siyaqli, direktiv instantsiya, jaqsiliqlar, jazalar ha’m xoshametlewler beriwshi siyaqli, u’lgili, aqilli ha’m en’ jaqsi insaniy sipatlar timsali siyaqli ha’mme na’rseni isenim menen tapsiratug’in u’lken dos ha’m ma’sla’hatshi siyaqli sezedi. Biraq bul funktsiyalardin bir-birine salıstırılıwı ha’m ha’r birinin’ psixologiyaliq a’hmiyeti jas u’lkeyiwi menen o’zgereip baradı.

## 2.2.Ata-analardın` o`z perzentleri menen bolatug`ın o`z-ara mu`na`sebetlerin anıqlaw metodikası na`tiyjeleri.

Shan’araq, ondag’i shaxslar araliq mu’na’sibetler, er – hayal ha’m ata – ana, balalar mu’na’sibetleri ko’plegen izertlewlerdin’ ob’ekti ha’m predmeti bolg’an. Bul boyinsha O’zbekstan alimlarinin’ jumislari da diqqatqa ilayiqli.

Tiykarinan, ata – analiq ustanovkalari ha’m olardin’ perzent ta’rbiyalaw usullari mashqalasi rossiyaliq bir qatar izleniwshilerdin’ shig’armalarinda ko’rsetip o’tilgen (A.E.Lichko, A.A.Bodalev, A.A.Stolin, E.G.Eydemiller, V.V.Yustitskiy). Ata – analiqtin’ en’ a’hmiyetli sipatlarina aldi burin protektsiya yamasa perzentlerdi ta’rbiyalaw ushin sariplanatug’in ku’sh, waqit ha’m itibar o’lshemi, balanin’ tu’rli mu’ta’jliklerin qanaatlandiriw da’rejesi, ta’rtip – intizamg’a shaqiriw menen baylanisli talaplar da’rejesi, sheklewler yamasa balanin’ minez – qulqin ta’rtipke saliwg’a isletiletug’in sanktsiyalar sistemasi kiredi.

Giperprotektsiya – ata – analardin’ perzentlerine bolg’an ha’dden ziyat itibari bolip, bul olardin’ bala ta’rbiyasi ushin ku’sh, waqit ha’m itibardin` ayamasliqlarinda ko’rinedi. Ata– ana bul jumisti turmis ta’rizine aylandiradi, yag’niy ana ushin da, ata ushin da bala ta’rbiyasi o’mirinin’ mazmunina aylanadi.

Giperprotektsiya – ata – ana ta’repinen barliq qa`lew, tilek ha’m

mu’ta’jliklerdi bile tura, kritika ha’m pikirlesiwsiz qanaatlandiriwg’a umtiliw; balani ha’r qanday qiyinshiliqlar ha’m tosiqlardan qorg’aw, onin’ barliq qa’lewlerin sol jerde orinlaw, erkeletiw, a’piwayi jetiskenliklerden quwaniw, qa’telerin sezbeslikke qaratilg’an ha’reketler. Balasi ushin «janin jabbarg’a beriwshiler» a’dette o’zleri bilmegen halda perzentlerine jamanliq qilip atirg’anliqlarin sezbeydi, na’tiyjede bala keleshekte jumısq shıdamsız, ko’pshiliktin’ ishinde o’zin tuta almaytug’in, turmistin’ pa’s – ba’lentliklerinde o’zin ila’jsiz sezinetug’in, erinshek, erke bolip qaladi. A’sirese, bala o’spirimlik jasina jetkende, erke, is jaqpas bolg’ani ushin doslari ha’m ten’lesleri a’tirapinda da ha’mme aytqanlari boliwin qa’leytug’in, liderlikke umtiliwshan’lig’in ko’rsetkisi keletug’in, biraq ishki ta’repten, negizinde onda bunday sipatlar bolmaydi. Ga’p sonda, bunday halatlarda ata – ana zu’rriyadi timsalinda aldin o’z turmisliq ta’jiriybesinde erise almag’an a’rmanlarin ju’zege shig’arg’isi keledi, olardin’ ta’rbiya usılları tiykarinan sog’an qaratilg’an boladi, biraq bala ko’p ta’repten nashar ekenligin keyin ala sotsialliq ortaliqtin’ tu’rli jag’daylarina tu’skeninde sezine baslaydi.

Gamxorliqtan u’stem keletug’in giperprotektsiya – bunda erkeletiwden go’re ata – ana ta’repinen balasinin’ ha’r bir ju’rgen qa’demi ha’m is – ha’reketin baqlawg’a aliw arqali og’an itibar beriw na’zerde tutiladi. Sonin’ ushin bul ta’rbiya usılında tu’rlishe qadag`an etiwler, shegaralawlar («ol mu’mkin emes», «bul mu’mkin emes» tu’rinde) ko’p boladi. Bunday sha’rayatta u’lken bolg’an bala a’dette erkin pikirli, o’z betinshe qarar shig’ariwshi bola almaydi, biraq sa’l na’rsege ashiwi keletug’in, ko’p na’rselerden narazi halda u’lken boladi, sebebi ol ba’rqulla baqlawdi, birewlerdin’ ha’mme jol – jobalarin ko’rsetip, aytip beriwlerine u’yrenip qaladi: anasi bolmasa sabaq tayarlay almayditug’in, atasi bolmasa ko’shege shiqpaytug’in boladi, barliq jumislarinda u’lkenlerdin’ aralasiwina ko’nligip ketedi.

Ju’da’ ku’shli a’dep – ikramliliq juwapkershiligi – bunda ata – ana ta’repinen balag’a bolg’an talaplar da’rejesi joqari boladi, biraq onin’ tiykarg’i qa’lewi, mu’ta’jlikleri onshelli itibarg’a alinbaydi. Ata – ana balasinin’

keleshegin puxta qiliwdi oylap, onin’ ju’ris – turisi ushin o’zlerin juwapker dep sezingen halda, shaxsiy qiyalindag’i insandi jaratiwg’a, shaxsti qa’liplestiriwge urinadi, ayirim waqitlari baqlaw astinda balanin’ jasi, aqiliy yamasa fizikaliq mu’mkinshiliklerinen tis talaplar, tapsirmalar da berile beredi. Ma’selen, «sen tung’ishimizsan’, u’kelerin’e sen qarawin’ kerek», degen ma’nide og’an shan’araqtag’i kishkene ag’zalarina yamasa keselikke shaling’an shan’araq ag’zasina qaraw siyaqli juwapkershilikli ha’m awir jumislar da ju’klenedi.

Emotsional qaytarıw – bunda ata – ana balasin sonday ta’rbiyalaydi, onin’ ata – ana o’mirinde ol o’zine jarasa ta’shwish, artiqsha ju’k ekenligi, ol bolmag’aninda ata – ananin’ o’miri basqasha boliwi u’ziliksiz ra’wishte esletip turiladi. Eger bul perzent shan’araqta jalg’iz bolmasa, basqa su’yiklirek insan bolsa, jag’day ja’ne de awirlasadi, «sen bolmag’anin’da. . .», yamasa qiz balag’a qarap: «senin’ ornin’da ul bala bolg’anda edi . . .» tu’rindegi qarama-qarsı so’zler tez – tez aytilip turadi.

Ayirim ata – analar bul siyaqli emotsional ta’repten balasin biykarlap atirg’anlig’in jasiriwg’a urinadi, «nege balani jaqtirmaysan’?» siyaqli sorawlarg’a tiykarinda oni su’yiw kerekligin aytqani menen ba’ribir bala ata – anasi ushin artiqsha ta’shwish ekenligin sezinip jasaydi ha’m tezirek erkin bolip alip, olardi taslap ketiwdi, ayirim jasawda qa’lip qoyadı. Ana qanshelli o’z mehriybanlig’in jasalma ra’wishte ko’rsetiwge urinbasin, bala ba’ribir olardin’ haqiyqiy emesligin kewili menen sezedi. A’sirese, atasi menen ajirasqan yamasa ata taslap ketken halatlarda ananin’ bunday mu’na’sebeti balag’a ju’da’ awir batadi.

Qattiqolliq – bir qarag`anda emotsional biykarlawg’a uqsaydi, biraq onnan ashshıraq ha’m awirraq boladi. Qattiqolliq tuwridan – tuwri balani jaslig’inan uriw, so’giw, kemsitiw formasinda yamasa bala mu’ta’jliklerine toliq biypa’rwaliq, onin’ bar – joqlig’in sezbeslik siyaqli ko’rinislerde boliwi mu’mkin. Eki jag`dayda da bala jaslig’inan ne qilip bolsa da tezirek u’lken boliw, o’zi a’mellep tirishiligin qiliwi, ata – ana eziwinen qutiliwin oylap jasaydi. Bunday shan’araqta balani qanday da bir minez – quliq ushin jazalaw

a’det tu’sine kirip qaladi, bala qorıqqaninan ata –ana hu’kimine boysinip atirg’anlig’i, bunin’ keleshekte unamsız ta’sirleri bar ekenligin u’lkenler bilmeydi, bilse de bul usil olar ushin na’tiyjeli tu’yiledi. Ayipdarliq, ayipqa jarasa jaza siyaqlı usıllar bala minez – qulqin basqariwshi psixologiyaliq faktorg’a aylanadi, ol da keleshekte ba’rqulla ayipdarlardi izlewge u’yrenip baradi.

A.Freyd teoriyasina ko’re, mine usinday jazag’a hu’kim etilgen bala barg’an sayin agressiv bolip baradi, o’zinde qayg’inin’ qaysi bir ob’ektten (o’zinen kishkenelerden, biyganalardan, haywanlardan) aliwg’a qast etken, o`sh alıwshı bolip o’sedi. Mag’liwmatlarg’a qarag`anda, Amerikada ko’she balalarinin’ keminde 1 % ti shan’araqta mine usinday tarbiyanin’ qurbani boladi. Amerikaliq alim S.D.SHerrits shan’araqtag’i mine usi siyaqli qattiqolliqlardin’ bala ha’m ata – ana minez – qulqina unamsiz ta’sirin u’yrenip, olardin’ xarakterinde ju’z beretug’in o’zgerislerge toqtalip o’tken. Fizikaiq ta’repten balag’a zulim etip, oni uriw jag`dayları da derlik barliq qatlam wa’killerine ta’n boladi. Turmista, is – xizmetinde a’wmeti kelmegen yamasa baxitsiz muhabbat qurbani bolg’an, biraq perzent ko’rgen shan’araqlardin’ hayallarinin’ ko’pshiligi ashiwin balalarinan aliwg’a meyillik qa’liplesip baradi, bul barg’an sayin turmisliq ko’nlikpege aylanip baradi. A’sirese, stress faktorlar ta’siri astinda ata – ana ( ma’selen, jumissizlar, u’yi joqlar, jumis izlep basqa jerlerge ketip qalg’an migrantlar, etnik yamasa finansliq qiyinshiliqlardin’ qurbanlari, ka’mbag’allar) o’zinin’ sotsialliq mashqalalarin sheshe almay, tuwilg’an balasinan o’zi o’sh ala baslaydi.

Turmistag’i mashqalalar qanshelli ata yamasa ana ushin quramali tu’yilse, olardin’ balasin uriwi, onnan o’sh aliw itimali sonshelli joqari boliwin alimlar u’yrengen. Usı na`rse xarakterli, balasin tez – tez uratug’in ata – ana ayirim jag`daylarg`a og’an qattiqollig’inin’ sebebin aytip, bul siyaqli ha’reketlerdi ne ushin, ne sebepten a’melge asirip atirg’anlig’in tu’sindiriwge de a’detlenedi, balani olardi tu’siniwge, ha’tteki, ko’mek beriwge shaqiradi. Ma’selen, tapqanin o’zi ko’shede jep, alkagolg’a almastirip kelip, ashiwin ja’ne

baladan aladi da, puli negizinde kem ekenligin, ishpese tura almaslig'in balag'a tu'sindiredi. Bunda balanin' jasi onshelli a'hmiyetli de emes.

Gipoprotektsiya – sonday jag`day bolip, onda ata – ananin' bala menen shug'illaniwg'a ya waqiti jetispeydi, yaki bul jumisti basqalarg'a ju'klep qoyadi. Ayirim ata – analar sol ta`rizde turmis keshirip, perzentlerin uliwma baqlamaydi da, onin' ta'g'dirine biypa'rwa boladi, g'amxorliq ko'rsetpeydi, balasinin' keleshegine qayg'irmaydi. Gipoprotektsiyanin' jasirin formasinda ata – ana, bala u'stinen atina nelerdidur qilg'anda boladi. Biraq negizinde olardı tek g'ana o'zlerinin' ku'ndelik mashqalalar qiziqtiradi. Bala bul jag`daylardı analiz etip, o'zinin' kerek emesligin, shan'araqta artiqsha ekenligin an'lap baradi.

Taslap qoyilg'an balalar yamasa yaki taslandiq balalar – a'dette jaslig'inan ya materialliq, ya ruwxiy mu'ta'jlikleri qanaatlandirilmag'an balalar bolip tabiladi. Olar ma'selen, qarini toymag'aninan fizikaliq rawajlaniwdan arqada qalsa, baqlaw ha'm itibardin' joqlig'inan tu'rli jinayat jollarina kirip qaladi, jaqsi, haqiyqiy itibar ha'm mehirdin' joqlig'inan ja'miyette, adamlar arasinda o'z ornin tabiwg'a qiynalatug'in, adamawi, sawatsiz bolip o'sedi. Bulardin' barlig'i olardin' keleshekte jinayat jollarina kirip qaliwina yamasa ziyanli a'detelerge u'yreniwine sebep boladi.

Gipoprotektsiyanin' da ha'dden ziyat formasi bar bolip, onda bala ata – ana baqlawinan ataylap taslap qaldirilg'anlig'i sebepli, onin' naduris jollarg'a kirip ketip atirg'anlig'inada biypa'rwa boladi. A.E.Lichko, A.A.Vdovichenkolardin' Rossiyada o'tkergen izertlewlerinde jaman jolg'a kirip ketken, er jetpegen jinayatshilardin' ata –analarinda u'lken qa'telikler aniqlang'an. Olar balasinin' naduris is – ha'reketin aqlamaqshi da boladi, yamasa ayibin basqalarg'a, ma'selen, ko'she balalarina, mekteptegi ta'rtipsizliklerge, oqitiwshilardin' biypa'rwalig'ina awdarmaqshi boladi, tek g'ana o'zlerinin' ayibin sezbeydi yamasa ta'n almaydi. SHan'araqliq ta'rbiyanin' ja'ne bir formasi – qarama – qarsiliqli ta'rbiya. Bunda shan'araq ag'zalarinin' ha'r biri bir balag'a tu'rlishe ta'rbiya usillarin qollanadi, ma'selen, atasi ju'da' qattiqol, ana ju'da' mehriyban, yamasa ata – ana balanin' minez –

qulqin ju’da’ baqlap, juwapkershilik penen onin’ a’dep – ikramliq ta’rbiyasi menen shug’illanadi, kempir apasi bolsa kerisinshe, oni erkeletip, izden shig’arali – «ele jas, u’lken bolg’anda o’zi jaqsi bolip ketedi», tu’rinde maqullay beredi. Bunday turaqsiz ta’rbiya usillarin E.Eydemiller, V.Yustitsiy, N.Lengard u’yrenip, onin’ aqibetinde balada unamsiz xarakter o’zgeshelikleri, ma’selen, qaysarliq, abırayli shaxslardin’ kritikasin naduris bahalaw siyaqlilar qa’liplesiwi da’liyllengen. Ata – ana ta’rbiyadag’i turaqliliqtin’ aqibetlerin qiyal etse, onin’ aldin aliwdi bilmeydi. Ko’pshilik ata – analar balasin jog’altip qoyiwi yamasa onin’kewili qaliwinan qorqip ta naduris ta’rbiya jollarin tutadi. Sonin’ ushin shan’araqliq ta’rbiya ju’da’ quramali protsess bolip, onda ata – analar aldinnan psixologiyaliq ta’repten tayar boliwlari kerek.

Jalg’ız ata – analar. Ata yamasa anadan biri bar bolg’an shan’araqlardin’ payda boliwina tu’rli sebepler bar: ajirasiw sebepli birewi qaladi, nekesiz payda bolg’an shan’araq sha’rayati, bunda ananin’ jasi u’lken boliwi da, ju’da’ jas boliwi da mu’mkin. A’dette tu’rli sebeplerge ko’re jalg’izlanip qalg’an toliq emes shan’araq ag’zalari ja’miyetten biraz bo’lek jasawg’a, jalg’izliqqa beyim boladi. Bunday shan’araqlar finansliq krizislerge de ushiraydi. Ayrim usinday shan’araq perzentleri ju’da’ jasliqtan ata islewi lazim bolg’an jumislardin’ bir bo’limin o’z moynina aliwg’a ma’jbu’r boladi. Ten’lesleri arasinda adamawi, ga’pke de ayirim islerge de beyimligi bolmag’ani ushin onin’ doslari da kem boladi. Tiykarg’i qarim – qatnas ob’ekti ana bolip, ol da ko’binshe turmis ta’shwishleri menen balasina jetkilikli itibar bere almaydi. A’sirese, o’spirimlik jasindag’i balalar ata – ananin’ ajiralisiwin ju’da’ kewillerine jaqin aladi, ashiwlanatug’in, sa’lge ja’njel ko’teretug’in, anasi menen de, basqa jaqinlari menen de kelise almaytug’in, agressiv bolip qaladi.
Injiq balani jalg’iz o’zi ta’rbiyalawg’a ma’jbu’r bolg’an shan’araqlarda a’dette depressiya jag`dayı baqlanadi. Ko’binshe bunday ana o’zin a’wmetsiz, turmis jag’daylarinin’ qurbaninday sezinedi, ko’binshe qapa bolip ju’redi ha’m ish – ishinen o’zin balalari aldinda ayıpker sezedi, keleshekte oni ha’m perzentlerin neler ku’tip atirg’anlig’in bilmey ta’shwishlenedi.

Shan`araq ha`m nekenin` payda bolıwına sebepshi faktorlardan biri, bizin` sha`rayatta perzent tuwılıwı esaplanadı. Perzentsiz erli-zayıp baylanısları, ulıwma shan`araq mu`na`sibetlerin ko`z aldımızg`a keltiriw qıyın. Ata-ana bala mu`na`sibetlerin eger tariyxıy da`wirlerge bo`letug`ın bolsaq, ata-ananın` balag`a jantasıw usılları boyınsha qatar basqıshlardı bastan keshirgenligin ko`riwge boladı. Ata-analar perzentlerdin` ja`miyette tutqan orınları, olardın` sotsiallasıwına itibar bergen. Son`g`ı da`wirde u`lkenlerdin` kishilerge itibar beriwi, olardı qollap-quwatlaw, rawajlanıwına ko`meklesiwdin` a`hmiyetin an`law da`wiri bolg`an. Mısalı, ayırım xalıqlardın` balag`a kishiliginin` u`lken miyribanlıq ko`rsetip, o`spirimlik da`wirinen baslap onın` erkinligi ta`n alınadı ha`m ata-ana ta`repinen beriletug`ın ta`rbiya usılları o`zgertilip og`an u`lkenlerge mu`na`sebet ko`rsetedi. Basqa bir ma`deniyat-etnik aymaqlarda, perzent u`lkeygen sayın ata-ananın` og`an itibarı ku`sheyedi. Mısalı, Aziya xalıqları, qaraqalpaq ha`m o`zbek shan`araqlarının` u`lkenligi ha`m ko`p perzentligi, balalardın` kishi jastag`ı rawajlanıw o`zgesheliklerine qarap ta`biyiy jag`dayg`a qarap psixikalıq rawajlanıwına itibar qaratılmaydı. Bunday miyirbanshılıq sonday da`rejede, u`ylengen balanın` qa`dem basıwlarında ata-ana tekseredi, qa`ynen-kelin mu`na`sebetlerinde, yamasa ata bala mu`na`sibetlerinde nızamlardı keltirip shıg`aradı.

Bul da`wirlerde ata-ana perzent ta`rbiyasında o`zine ta`n metodlardı qollag`an. Ata-ana perzenttin` sotsiallasıwına itibar bergen, bul protsesske ja`rdem beretug`ın bolıp, ha`zirgi da`wirdegi ko`p ata-analar perzentlerdin` tek o`zin oylawı ata-ananı tu`sinbewinen nalıytug`ın bolıp qalg`an. Biraq tendentsiyalarg`a itibar berilse, bug`an tek ata-ana ayıplı.

Shan`araqta perzenttin` du`n`yag`a keliwi, onın` sanı ha`m ta`rbiya beriw imkaniyatları ma`selesi ba`rqulla aktual ma`selelerdin` biri bolıp kelgen. Biraq, ayırım batıs ma`mlketlerinde, solardan Rosssiyada shan`araqta bala sanının` keskin azayıp ketiw mu`na`sebeti menen er ha`m hayaldın` reproduktiv huqıqı, ma`deniyatı ha`m qulqı ma`selesi usı da`wirde ju`da` aktual ma`selelerdin` biri esaplanadı. Orıs alımı Kapitsanın` (1999) pessimistlik boljawına qarag`anda,

Rossiyada 1995-2025 jıllar aralıg`ında tuwılıwdın` kemeyiwi 2 mlnnan (optimistlik boljaw) 32 mlng`a shekem tu`sip (pessimistlik boljaw) ketedi, bul ko`rsetkish 1995 jılg`ı 1479 mln xalıq sanı tiykar etip alıng`an. Sonın` ushın du`n`ya alımları, Xalıqaralıq Xalıqlar tanıw fondları (YuNFPA, YuNİSEF) shan`araqta deni saw bala tuwılıwı siyasatı arqalı du`n`ya ju`zinin` tu`rli jerlerinde reproduktiv xulıqtı muwapıqlastırıw ma`selesine ayrıqsha itibar berip, konkret izertlewler o`tkermekte. Bundag`ı tiykarg`ı mashqala – ananın` reproduktiv xulqın basqarıw ha`m muwapıqlastırıw, onın` den-sawlıg`ın qorg`aw, deni saw perzent tuwılıwına kepillik beriwden ibarat.

Reproduktiv xulıq –bul shan`araqta perzent tuwılıwı menen baylanıslı bolg`an xulıq esaplanadı. Ol shan`araq ag`zalarının` o`z da`wirinin` puqarası sıpatında sotsiallıq kelip shıg`ıwı, jası, den-sawlıq da`rejesi, ma`deniyatına g`a`rezsiz baylanıslı bolg`an is-ha`reketler esaplanadı. A.Antonov, sol da`wirde adamlar o`zinin` reproduktiv xulqının` motivleri ta`sirinde so`nip barmaqta, da`slep bul ha`reket shan`araqta ju`z bersede, ol hayal adamnın` shaxsıy isindey qaraladı ha`m hayaldın` bala tuwıp beriw arqalı o`zin ko`rsetiwi, zayıbının` mu`na`sebetlerin keskin o`zgertiw, og`an ta`sir ko`rsetiw, u`stinen hu`kimranlıq etiw, kimdi bolsada jaqsı ko`riw ha`m og`an g`amxorlıq etiw za`ru`rligin orınlawg`a barıp taqaladı. To`mendegi tablitsada A.Antonov o`tkergen izertlewler tiykarında reproduktiv ata-analıq ko`rsetkishleri keltirilgen.

**«Sizin`she shan`araqta neshe perzent bolıwı kerek?» sorawına alıng`an juwaplar**

**1-tablitsa**

(«Sotsial pikir» ha`m «Oila» orayının` mag`lıwmatları)

| Jıllar | Sho`lkemler | 1 | 2 | 3 | 4 ha`m onnan artıq | Basqa juwaplar |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 2004 | «Sotsial pikir» | 2,7 | 35,6 | 27,5 | 24,4 | 4,9 |
| | «Oila» | 3,4 | 26,5 | 33,8 | 30,8 | 5,5 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 2002 | «Sotsial pikir» | 2,2 | 31,6 | 29,0 | 28,8 | 4,1 |
| | «Oila» | 0,7 | 15,5 | 33,2 | 24,4 | 8,1 |

Ko`rip turg`anımızday, reproduktiv ma`deniyat artqanı sayın real ha`m ideal ustanovkalarda da belgili o`zgerisler ju`z bermekte. Tiykarg`ısı- xalqımız bu`gingi ku`nge kelip, shan`araqta perzenttin` barlıg`ı onın` bekkemliligi faktorı ekenligin teren` an`lag`an halda, deni saw anadan tuwılg`an deni saw bala onın` baxtı- keleshegi ekenligin tolıq an`laydı. Sonın` ushın da alıp barılıp atırg`an jumıslar, hayal-qızlardın` sotsial turmısındag`ı aktivlesip baratırg`an ornı, olardın` reproduktiv xulıqlarına o`z ta`sirin tiygizbekte.

**Analıq ha`m atalıq psixologiyası.**

Shan`araq mu`na`sibetlerinin` en` ta`sirli, a`hmiyetli tiykarg`ı bo`legi- bul ana ha`m bala mu`na`sibetleri esaplanadı. Olardın` tiykarlılıg`ı sonda, da`slepki qarım-qatnas ha`m mehirli mu`na`sibetler balanın` keyingi psixikalıq ha`m aqılıy rawajlanıwın ha`mde ananın` minez-qulqın qa`liplestiredi.

Bala tuwılıwının` da`slepki minutlarında ana ha`m bala o`zara psixologiyalıq jaqtan baylanısqan bolıp, ekewi bir jan, bir ag`za esaplanadı. Sonın` ushın olardın` mu`na`sebetlerinde simbiotiklik (bir qıylılıq, qosılıp ketkenlik, pu`tinlik) boladı. Bala u`lkeygennen son` olar ortasındag`ı aralıq, psixologiyalıq distantsiya artıp baradı, simbioz mu`na`sibetler aqılıy-kogntiv mu`na`sibetler tu`rindegi psixologiyalıq baylanıslarg`a aylanıp ketedi.

Go`dekliktin` fizikalıq jaqtan o`siwi ha`m rawajlanıwı ta`biyiy, ananın` g`amxorlıg`ına g`a`rezsiz baylanıslı boladı. Bala bir jasqa shekem bolg`an da`wiri noverbal qarım-qatnas da`wiri esaplanıp, ondag`ı barlıq o`zgerisler anası yaki jaqınları menen bolatug`ın emotsional, g`a`rezsiz mu`na`sibetlerdin` na`tiyjesi boladı ha`m bara-bara qarım-qatnasqa til ha`m dawıslar menen baylanıslı belgiler kirip kele baslaydı. Ananın` barlıq ha`reketleri bul da`wirde balanın` psixikalıq rawajlanıwının` tabısın belgileydi. So`ylew, so`z xızmeti menen baylanıslı psixikalıq funktsiyalar ko`binese sinxronizatsiya protsessinde qa`liplesedi. Balasın su`yip, onın` sezimlerin biliw qa`biletine iye bolg`an ana

a`dette perzentinin` psixikalıq jaqtan rawajlanıwında barlıq qılıqların, olardan qanday paydalanıw, sheberliklerin arttırıp baradı. Ma`selen, balada ayırım waqıtları sonday jag`daylar boladı, onda anag`a bala menen aktiv kommunikativ xızmetin a`melge asırıw qolaysız boladı, erkelik qılıp hesh na`rsege ko`nbey qaladı, bunı sezgen ana balag`a so`ylemey, taza hawada alıp ju`re berse, belgili bir waqıt o`tkennen keyin, perzentindegi sharshaw yamasa basqa sebepli payda bolg`an jag`day o`tip ketedi, ol ja`ne janlanıp, anag`a talpınadı, onın` menen qarım-qatnastı dawam etedi. Sonı esapqa almag`an jag`daylarda kommunikativ a`wmetsizlik ju`z beredi, bunın` aqıbetleri psixologiyada jaqsı u`yrenilgen.

Baladag`ı kognitiv rawajlanıw, yag`nıy pikirler ta`rbiyası, du`n`ya qaraslarının` qa`liplesiwine de ananın` minez-qulqı u`lken ta`sirin tiygizedi. Angliyalı alımlardın` izertlewlerinde (U.R.Bion) ananın` ha`r bir ha`reketi, mimikaları balanın` to`besinde turıp, og`an qılatug`ın qarım-qatnası, erkelewleri, barg`an sayın bala o`zlestiretug`ın ayrıqsha ibaralar, so`zlerde payda boladı. Video tasmalarda sol na`rse belgili bolg`an, ananın` qılıqları balanın` so`zli-so`zsiz, logikalıq ha`reketlerine isharalarına aylanıp baradı. Angliyalı psixiatr Jon Boulbi ta`repinen islep shıg`ılg`an, tu`rli jag`daylarda ana-bala mu`na`sibetlerinde M.Eynsvort degen alım ta`repinen tekserilgen emotsional **baylanıslılıq teoriyası** a`dette jeti aylıqtan keyingi balanın` anag`a ju`da` baylanıp qalıwı ha`m sol arqalı bala ushın za`ru`r psixologiyalıq rawajlanıwlar ju`z beriwi da`liyllengen. Ma`selen, 12 aylıqtan 18 aylıqqa shekem bolg`an balanın` anasınan 3 minutqa ayırıp turıp qulqına qarap, alımlar baylanısıp qalıwdın` 4 tu`rli formasın ajıratqan.

**İsenimli baylanıslılıq**. Bala bunday sha`rayatta anasın isenim menen izleydi, a`tiraptı u`yrenedi, ketip qalg`anın seze baslag`annan keyin, tu`skinlikke tu`sedi, qapa boladı, anası kelgennen keyin quwanıp ku`tip aladı, anasına talpınadı:

**Shetlesiwshi baylanıslılıq.** Anası ketip qalg`anlıg`ın bilgennen keyin, a`tirapqa qaraydı, qıdıradı, biraq anası kelgennen keyin og`an talpınıwı minimal bolıp, ha`tteki, teris qarap ta aladı, oyınshıqlar menen oynawdı dawam etedi.

**Avbivalent baylanıslılıq.** Anası ketkennen keyin, tap qatıp qalg`anday depressiyag`a tu`sedi, oynamaydı, a`tirapqa da qaramaydı, anası kelgennen keyin, anasına talpınbaydı, onnan qashpaydıda. Onın` qapa ekenligin de, quwanıshlı ekenligin de an`law qıyın boladı.

**Ta`rtipsiz baylanıslılıq.** Balada anag`a bolg`an baylanıslılıqtı baqlaw qıyın, bala ushın barlıq na`rse biyparqtay boladı.

Solay etip ananın`, balanın` normal psixikalıq jaqtan rawajlanıwında roli u`lken. Bul ta`sir balanın` go`dekliginen keyingi da`wirlerinde de o`z ku`shin saqlap qaladı.

**Ata-analıq ustanovkaları ha`m ta`rbiya formaları.**

Shan`araq, ondag`ı mu`na`sebetler, erli-zayıplı ha`m ata-ana ha`mde balalar mu`na`sibetleri ko`plep izertlewlerdin` ob`ekti ha`m predmeti bolg`an. Bul boyınsha O`zbekstan alımlarının` jumısları da dıqqatqa ılayıq. Ata-analıq ustanovkaları ha`m olardın` perzent ta`rbiyalaw usılları mashqalaları Rossiyalıq alımlardın` shıg`armalarında berip o`tilgen. (A.E.Lichko, A.A.Bodalev, A.A.Stolin, 1989. E.G.Eydemiller, V.V.Yustitskiy, 1999). Ata-analıqtın` en` tiykarg`ı sıpatlarına da`slep-protektsiya yaki perzentlerin ta`rbiyalaw ushın sarplanatug`ın ku`sh, waqıt ha`m itibardın` kriteriyası, balanın` tu`rli za`ru`rliklerin qannatlandırıw da`rejesi, ta`rtipke shaqırıw menen baylanıslı talaplar da`rejesi, sheklewler yamasa balanın` qulqın jılawlaw ushın qollanılatug`ın sanktsiyalar sisteması kiredi.

**Rene-Jil metodikası**

Rene-Jil metodikası proektiv metodika bolıp, balalar ha`m u`lkenler su`wretlengen kartochkalardan, sonday-aq balanın` ha`r qıylı jag`daylardag`ı minez-qulqı o`zgeshelikleri haqqındag`ı tu`rli sorawlardan ibarat pu`tin tekst tapsırmalardan ibarat. Su`wretlerdin` mazmunı tu`rlishe bolıp, sebebi bul ana, ata, apa-sin`li, ag`a-iniler ha`m basqa tuwısqanlardan ibarat shan`araq bolıp, olar bir stol a`tirapında jaylasqan bolıp, sonday-aq qala sırtındag`ı sayaxatqa shıqqan shan`araq, yaki qanday da bir sebepke baylanıslı urısıp atırg`an eki u`lkenlerdin` so`zlerin tın`lap atırg`an balalar toparı da bolıwı mu`mkin x.t.b. Su`wretler tolıq

emes formada bolıp, bet-a`lpetinin` o`zine ta`n belgileri de kereksiz detallar tu`sirip qaldırılg`an, bunnan maqset sınalıp atırg`an adamda kartochkada su`wretlengen balalar menen uqsaslıq protsesslerinin` an`satlastırıw bolıp esaplanadı.

Metodika menen islewdi baslawdan aldın balag`a onnan kartochkalarg`a qosımsha sorawlarg`a juwap qaytarıwdı ku`tip atırg`anlıg`ın ma`lim etedi. Bala kartochkalarda ko`zden o`tkeredi, psixologtın` sen kartochkada su`wretlengen qaysı orında turıwdı qa`ler edin` degen sorawına juwap beredi. Mısalı` senin` dosların`nın` ne sebepten urısıp, ja`njellesip atırg`an jerden qa`nshelli uzaqta bolar edin`, ol ta`jiriybe o`tkerip atırg`an adamg`a ol eki bul, unamlı eki unamsız jag`dayda o`zin qanday tutıwın aytıp beredi ha`m t.b.

Su`wretlerdi qolda uslag`an jag`dayda o`tkeriletug`ın bunday sa`wbet aqırında bala menen soraw-juwap qılıwı kerek, bunnan go`zlengen maqset sınalıp atırg`an bala izertlewdin` birinshi yarımında ma`lim bolmag`an barlıq ta`replerin anıqlap alıwdan ibarat. Bular anıq emes bolıp qalg`an ayırım tu`sindirmelerdi, sonday-aq balanın` o`mirindegi ayırım bir na`zik ta`replerin bilip alıw esaplanadı. Bularda izertlewdin` birinshi yarımında psixologqa tek g`ana esletip o`tken bolıwı mu`mkin. Sonın` menen birge bala aqıllı ra`wishte aytıp o`tpegen na`rselerdi ha`dden tısqarı ma`jbu`riy sorap-tergemew kerek. Qızıqtırıp atırg`an sorawlarg`a juwaptı basqa metodikalar menen (mısalı` oyınlar menen islew na`tiyjeleri, sonday-aq ata-analar, ta`rbiyashılar, emlewshi shıpaker menen sa`wbetlerden tabıwı mu`mkin.

Solay etip, metodika ja`rdeminde balanın` a`tirapı qorshap turg`an adamlarg`a ha`m ha`diyselerge bolg`an mu`na`sibeti haqqındag`ı xabarg`a iye bolıw mu`mkin. Bala xarakteristikasının` sonday za`ru`r ta`repleri sonın` menen birge qızıg`ıwshan`lıq da`rejesi, adamlar menen qarım-qatnasta bolıwg`a umtılıwı, basqalardan o`zin shetke tartıwı, jalg`ız ju`riwge umtılıwı, balalar toparında u`stem bolıwg`a qızıg`ıwı, minez-qulqının` sotsial uqsaslıq da`rejesi, tu`rli jag`daylarda aktivligi yamasa pa`sligi, balanın` erkin da`rejesi,sonday-aq jeke su`wretlengen ju`da` menmenliktin` barlıg`ı ha`m shaxstın` basqa bir qatar

sıpato`zgeshelikleri ju`zege shıg`adı. Metodika menen islew waqtında bala neler haqqında ko`birek ha`m zawıq penen so`ylewi, sa`wbette nelerdi shetlep o`tiwin de qayt etiw za`ru`r esaplanadı. Tu`rli temalarda talıqlaw waqtında bala dawısının` ku`shi, bet a`lbetindegi o`zgerislergede itibar beriw kerek. O`zine onsha isenbeytug`ın balalar, a`sirese u`lkenlerge unawg`a umtılıwg`a ha`reket o`tetug`ın balalar, pedagog yamasa psixolog onın` pikirleri ha`m is-ha`reketlerine qanday mu`na`sibette bolıp otırg`anın an`lap alıwg`a urınıp atırg`an balalar sonday qıladı. Unamlı mu`na`sibetten ruxlang`an bara o`zin shaqqan ha`m erkin tutadı, a`sirese eger psixolog penen baylanıs izertlew baslanıwdan aldın yaki basqa metodikalar menen islew waqtında ornatılg`an bolsa, sonday jag`day boladı. Bazı bir balalar metodikada ilgeri su`rilgen u`lkenler menen birgelikte shın kewilden talıqlaydı. Basqalarg`a barlıq sorawlag`a erkin ra`wishte, jazba ta`rizde juwap beriw qolayıraq, ayrımlarg`a bolsa psixologtın` ko`zinen jıraqta turıp juwap tabıw an`sat ko`rinedi.

Bulardın` barlıg`ı bala haqqındag`ı a`hmiyetli xabar esaplanadı. Sıpat jag`ınan baxa beriw menen bir qatarda psixologiyalıq mag`lıwmatlar mug`dar jag`ınan ha`m jeke ko`z-aldına keltiriw imkaniyatı bar, bul jag`day balalardın` u`lken toparlarında alıng`an mag`lıwmatlarda salıstırıwda, sonday-aq ayrıqsha alıng`an ha`r bir sınalıwınan onın` ko`rsetkishlerin analiz qılıw ushın a`hmiyetli faktor esaplanadı.

Balanın` mu`na`sibetleri siteması sa`wlelep beretug`ın ha`m talıqlang`an metodika ja`rdeminde alıng`an psixologiyalıq materialdı u`lken toparg`a bo`liw mumkin.

A. Balalanın` basqa adamlar menen mu`na`sibetin xarakterlep beretug`ın ko`rsetkish.

1. Anasına mu`na`sebeti

2. Atasına mu`na`sebeti.

3. Bala ta`repinen erli-zayıp sıpatında ko`z-aldına keltiretug`ın ata ha`m anag`a mu`na`sibeti.

4 Ag`a-inileri ha`m apa-sin`lilerine mu`na`sebeti.

5. Kempir apası ha`m atasına bolg`an mu`na`sebeti.

6. Oqıwshısına (ta`rbiyashısına yaki bala ushın u`lken jastag`ı shaxs bolg`an basqa abıraylı adamg`a) mu`na`sibeti.

B. Balanın` o`zgesheliklerin xarakterlewshi, onın` tu`rli mu`na`sibetlerinde payda bolatug`ın ko`rsetkishler ekilemshi xabar bolıp, onı sınalıp atırg`an bala haqqında to`mendegi metodika ja`rdeminde alıw mu`mkin.

1. Balanın` qızıg`ıwshılıq da`rejesi

2.Balalar toparında u`stin bolıwg`a umtılıw mu`na`sibeti.

3. U`lken toparlardag`ı basqa balalar menen qarım-qatnasta bolıwg`a mu`na`sibeti.

4. Basqalardan ajıralıp qalıw da`rejesi-jalg`ızlıqqa umtılıw da`rejesi.

5. Bala minez-qulqının` sotsiallıq bir qıylılıq da`rejesi.

Balanın` mu`na`sebetleri sistemasın xarakterlep beretug`ın shkalalardın` yaki gruppası ha`m ol menen baylanıslı bolg`an shaxsıy mu`na`sibetlerdin` shkalaların dizimge alıw betinde ko`rsetilgen. Barlıq ko`rsetkishler de unamlı ha`m unamsız belgige iye.

Balanın` mu`na`sibetleri sistemasın xarakterlep beretug`ın shkalalardın` 2 toparı ha`m onın` menen baylanıslı dizimge alıw betinde ko`rsetilgen. Barlıq ko`rsetkishler de unamlı ha`m unamsız belgige iye.

Ko`rsetkishler unamsız belgige iye bolg`anda esaplaw shkalası boyınsha pa`ske qarap baradı.

Ha`r bir shkala boyınsha ballardı ja`mlew ha`m olardı dizimge alıw joqarıg`a yamasa pa`ske qarap (unamsız bilgige iye bolg`anda) grafikalıq esaplaw tiyisli shkalag`a isleytug`ın tapsırmalardın` en` ko`p sanına tiykarlanıp a`melge asırıladı. Balanın` anasına mu`na`sebetin analiz qılıwda biz metodikanın` jigirma tapsırmag`a iyemiz. Olardın` nomerleri 1-tablitsada sanap o`tilgen. Berilgen tapsırmalar ana menen baylanıslı bolg`an mashqalalarg`a baylanıslı boladı. Mısalı, metodikasının` 3-kartochkasında bala anası

su`wretlengen ornının` qasınan o`zine orın tan`laydı, bunday shan`araqtın basqa ag`zaların biykar etedi.

Psixolog izertlew waqtında yaki onnan keyin dizimge alıw beti shkalasında unamlı ta`repke q ret joqarıg`a bir belgi qoyadı, bunda balanın` shan`araqtag`ı basqa ag`zalar arasında anasın tan`lawına unamlı sezimlep beredi. Nolden pa`ske qaray qoyılatug`ın belgi bala berilgen onın` jag`dayda unamsız mu`na`sebet bildirgende qoyıladı. Bala menen sa`wbetlesiw protsessinde psixolog berilgen shkala boyınsha dizimge alıw betinin` joqarısına eki pa`s ta`repine bir qansha ko`birek belgiler qoyadı ha`m jetip barıwı, ma`selen «Anasına mu`na`sebeti» shkalasında 120 yaki 20 jazıwı mu`mkin. Qalg`an basqa shkalalar boyınsha da materialg`a dizim islewi tap usıg`an uqsas ta`rizde boladı. To`mende shkalalardan ha`r birine tiyisli bolg`an tapsırmalardın` nomerleri keltiriledi.

2-tablitsa

| № | Shkalanın` atı | Tapsırmalar | ***Ulıwma ball*** |
|---|---|---|---|
| 1 | Anag`a bolg`an mu`na`sibet | 1-5, 8-15, 17-19, 40-42, 38 | 20 |
| 2 | Atag`a bolg`an mu`na`sibet | 1-5, 8-15, 17-19, 37, 40-42 | 20 |
| 3 | Bala erli-zayıp sıpatında qabıl etetug`ın anag`a, atag`a mu`na`sibet | 1-4, 6-8, 14, 17, 19, 40 | 11 |
| 4 | Ag`a-ini ha`m apa-sin`lilerge bolg`an mu`na`sibet | 1-2,4, 6, 8-19, 40, 42 | 18 |
| 5 | Apası ha`m atasına bolg`an mu`na`sibet | 1,4,7-13, 17-19, 40, 41 | 14 |
| 6 | ***Dosqa bolg`an mu`na`sibet*** | 1,4, 8-19, 25, 30, 33-35, 40 | 20 |
| 7 | Oqıtıwshıg`a bolg`an (eki basshı) | 5,9,11, 13, 17, 19, | 13 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | bolg`an mu`na`sibet | 26, 28-30, 42,40 | |
| 8 | Qızıg`ıwshan`lıq da`rejesi | 26, 28-32 | 6 |
| 9 | U`stinlikke umtılıw | 20,21, 39 | 3 |
| 10 | Balalardın` u`lken toparında qatnasqa umtılıw da`rejesi | 16, 22-24 | 4 |
| 11 | O`zin shetke alıw da`rejesi | 14-16, 22-24, 29,30, 40-42 | 11 |
| 12 | Minez-qulqının` sotsial mu`na`sebetlik da`rejesi | 25,28,32-38 | 9 |

Dizimge alıw tablitsasın toltırıw juwmag`ında psixolog balanın` mu`na`sebetleri tarawı, sıpat o`zgesheliklerinin` jeke ko`rinisin ha`m menen baylanıslı bolg`an sınalıwshının ayıqım shaxsıy o`zgeshelikleri. Ko`rgizbelilikten tısqarı, tu`rli mu`na`sibetlerdin` sa`wlelengenligi, bolistiriw da`rejesin nomerli mug`darlar menen salıstırıw imkaniyatı bar. Ja`ne usı maqsette dizimge alıw qag`azının` w shep ha`m on jaq u`stinleri bar. Olar tayar emes shkala baxaların protsentke o`tkiziw ushın shkaladan ibarat. A`ne usı protsent mug`darlar menen o`zinen keyingi is ko`riw sınalıwshılar toparların salıstırıw da analiz qılıw an`satlasadı.

Rene jil metodikası ja`rdeminde alıng`an mag`lıwmatlarg`a mug`darlıq baha beriwdin` bar ta`jiriybesi sanı ko`rsetedi, mug`darlıq jantasıwda ju`da` a`hmiyetli. Psixologiyalıq xabardın` bo`leginin jag`alawın ko`rsetedi. Nomerlerge o`tkizilgen psixologiyalıq material sebepli ibarat keskin ka`wip bar. Sonı umıtpaw kerek, bul metodika da`slep ha`m tiykarınan alıng`an mag`lıwmatlarg`a sıpat jag`ınan islew beriw (qayta islew) ha`m tu`sindiriwge mo`lsherlengen. Bul jumısta usınılıp atırg`an metodikag`a mug`darlıq jantasıw balalardın` u`lken toparların tekseriw waqtında alıng`an ta`jiriybe psixologiyalıq mag`lıwmatlardı salıstırmalı analiz qılıwdı an`satlastırıw ushın qosımsha vosita esaplanadı. Sonday shamalar metodika menen jaqsı qatnasta bolg`anda

mag`lıwmatlarg`a islew beriw usılı metodikanın` psixologiyalıq imkaniyatların kemeytpey, kerisinshe bayıtadı.

## Shan`araqtı bekkemlewshi testler

## «Siz qanday ta`rbiyashısısız»

To`mende berilgen sorawlarg`a juwaplar berilgen, sizin` pikirinshe say keletugın juwaptı tan`lap alın`. Juwap beriw ushın uzaq oylanıp otırman`. Oyın`ızg`a kelgen birinshi juwaptı beriwge ha`reket etin`. İlajı bolg`ansha tez islewge ha`m onın` juwap beriwge umtılın`.

1. Balanın` ayrım sorawlarına «Qashan u`lken bolg`anın`da sol waqıtta juwap beremen» dep aytasız

2. Mayda shu`yde qa`rejetler ushın balag`a pul beresiz be?

3. Eger balanın` qanday ma`selede bolsada qaytarg`an waqıtların`ız, tu`snirdirip berdin`iz be?

4. Balanın` sizge beretug`ın ja`rdeminen keyin ulıwma payda bolmawın bile turıp, og`an xojalıq jumısların orınlawda sizge ja`rdem beriwge jol qoyasız ba?

5. Siz balag`a bolg`an mu`na`sibette arzımas o`tiriktin` bolıwı mu`mkin dep oylaysız ba?

6. Siz balada baqlawshılıqtı rawajlandırıw ushın ha`r qanday ha`diyselerden paydalanasız ba?

7. Balalar qatnasıwında dosların`ızdı a`shkaralawdı jaqsı ko`resiz be?

8.Balanı aldaw kerek, dep oylaysız ba?

9.Siz ha`tte kishkene balalarg`ada barlıq turmıslıq faktlerdi tolıq tu`sindirip beriw kerek dep esaplaysız ba?

10. Ta`rbiya boyınsha kitaplar oqıysız ba?

12. Siz ha`tte en` kishkene balalarda o`z sırına iye bolıwg`a haqısı bar dep esaplaysız ba?

13. Eger bala awqatlang`anda ıdısta awqattı qaldırsa onı jazalaw menen qorqıtıw jag`dayları bolıp tura ma?

14. Balada erkinlik ha`m o`zine isenim seziminin` rawajlanıwına ha`reket qılasız ba?

15. Bala quwanıshın birge bo`lise alasız ba?

16.O`zin`izdin` bos waqıtların`ızdı balalar menen birge o`tkere alasız ba?

17. O`z perzentlerin`iz talantın` ko`z-ko`z qılıwdı unatasız ba?

18. Siz bir aytqannan-aq aytqanın`ızdı qıldıra alasızba ba?

19. Eger balan`ız ınjıklıq qılıp atırg`an bolsa, siz pu`tkilley tınıshlıqtı saqlay alasız ba?

20. Perzentlerin`izdin` dosları menen doslıqtı an`sat baylanıstıra alasız ba?

Bul berilgen sorawlarg`a «Awa», «Ayırım waqıtları» «Yaq» dep juwap qaytarıladı.

Test gilti

3-tablitsa

| Sorawlar | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Awa | 0 | 3 | 4 | 4 | 0 | 5 | 6 | 3 | 0 | 4 | 3 | 0 | 5 | 3 | 5 | 0 | 5 | 5 | | 4 |
| Ayırım waqıtları | 2 | 4 | 2 | 3 | 3 | 2 | 2 | 4 | 3 | 2 | 2 | 1 | 1 | 2 | 1 | 1 | 0 | 1 | | 2 |
| Yaq | 5 | 1 | 0 | 0 | 4 | 0 | 4 | 1 | 4 | 0 | 1 | 4 | 0 | 0 | 0 | 4 | 0 | 0 | | 0 |

Test giltinen paydalang`an jag`dayda o`z juwapların`ızg`a baha qoyıp shıg`ıp ha`m olardı ja`mlen`.

Ballar

25 balldan kem bolsa-qattıqollıq-jaqsı ta`rbiyanın` jalg`ız elementi emes. Sizin` bul printsipin`iz benen balanı shoq, ha`m turaqlı insan etip ta`rbiyalaw qıyın boladı.

26-56 ball-Sizin` printsipin`iz ulıwma durıs, biraq sizge tek pikirin`izshe jetkilikli emestey tu`yiledi, ja`nede real bolıw kerek.

66 balldan joqarı-sizin` shıdamlın`ız ha`m bala psixologiyasın biliwin`iz, so`zsiz, tabısqa alıp keledi. Sizdi jaqsı ta`rbiyashı dep oylaymız.

## 2.3.Ko`p balalı shan`araqtag`ı shaxslarara mu`na`sibetler ha`m olardın` balanın` psixikalıq rawajlanıwına ta`siri

A`dette ko`p balalı dep, 5 ha`m onnan artıq balag`a iye bolg`an shan`araqtı tu`siniwge boladı. Biraq ha`zir bul jag`day ju`da` kem ushıraydı, a`sirese, Batıs Evropa ma`mleketleri, Rossiyada sanawlı. Respublika «Shan`araq»ilimiy-a`meliy orayının` o`tkizgen esperimentlerinde auıl xojalıg`ının` ha`r u`shewinen birewi ko`p balalı, yag`nıy 5 ha`m onnan artıq bala bolıwına ta`repdar bolıp, mag`lıwmat bergen bolsa, bu`gingi ku`nge kelip, tek 0,7-0,8% aymag`ı shan`araqta balalar sanı ko`p bolıwına qarsı emes, biraq real turmısta ha`m 4 ha`m onnan artıq perzent ko`rip atırg`an shan`araqlar sanı keskin boladı.

Shoralar da`wirinde bul ma`selege jantasıw o`zgergen. Ma`mleketlerdin` ko`pperzentlıg`ınen paydalanıp, qosımsha jumısshı ku`shi ha`m resurslardı ko`beytiriw maqsetinde ko`p balalı shan`araq hu`kimet ta`repinen qollap quwatlanatug`ın bolıp qaldı.

6 dan artıq perzent ko`rgen anag`a «Qaharman» ana sıylıg`ı berilgen. Biraq analıqtı ha`m balalıqtı qorg`aw boyınsha hesh qanday isler ko`rilmegenligi ha`mde balalar o`limi ko`rsetkishi joqarı bolg`an. Biraq statistika sırlı bolg`an YuNİSEF birlespesi monitoringi na`tiyjelerine itibar bersek 1989 jıldan 2002 jılg`a shekem bolg`an waqıt aralıg`ına ma`mleketimizde alıp barılg`an ku`shli sotsial siyasat sebepli na`resteler o`limi 2,8 ese (3000 tiri tuwılg`an na`reste esabınan 1989 jılda 38,1 ha`m 2002 jılg`a kelip, 16,7 mug`darg`a kemeydi, 2005 jılda bul ko`rsetkish ja`nede pa`seyedi) analar o`limi 2 ese kemeydi (mas ra`wishte 1000000 tiri tuwılg`an balag`a qarag`an da 42,8-1989j, 26,9-2002 j). Zamanago`y shan`araq ag`zaları hesh na`rsege qaramay, shan`araqta kem sanlı (bizde ortasha 2-3) balanı ta`rbiyalawg`a baylanıslı ustanovkalarg`a iye. Psixologiyalıq eksperimentler ko`p balalı shan`araq ag`zalarının` psixodiagnostikalıq testlerdegi ko`rsetkishleri basqalarg`a qarag`anda pa`st ekenin ko`rsetti. Bul olardın` intellektual ha`m unamlı rawajlanıw

ko`rsetkishlerine, sotsial adaptatsiyası ha`m salamatlıg`ına baylanıslı. Amerikalıq eksperimentatorlar (R.Zayonsh, X.Markus ha`m basqalar) ko`p perzentlik shan`araqtın` unamsız na`tiyjelerine ko`binese itibardı qarattı, biraq olardın` potensial juwmaqları bizin` ortalıg`ımız bala ta`rbiyalaw usıllarımızg`a say emes. Bizlerde nashar shan`araqta ko`p perzentti ta`rbiyalaw mashqalalıg`ı tuwrısında ko`z qaras bar, biraq u`lken bolmag`an shan`araq sha`rayatına 3-4 ha`m onnan artıq balanı ta`rbiyalawdag`ı qatar unamlı ta`jiriybe ha`m juwmaqlar joq emes. Zamanago`y qaraqalpaq ha`m o`zbek shan`araqlarında da reproduktiv ustaxanalar o`zgertilgen ha`m jaslar, ata-analar u`lken shan`araqtın` mashqalaların jaqsı biledi.

**Shan`araq ta`rbiyasında psixologiyalıq metodlardın` a`hmiyeti.**

**«Shan`araq su`wreti» metodikası**

İzertlew ushın-aq qag`az 21x29 sm ko`lemdegi 6 tu`r ren`li qa`lem (qara, qızıl, ko`k, jasıl, sarı, qon`ır, o`shirgish za`ru`r. Balag`a to`mendegi ko`rsetpe beriledi. «İltimas, o`z shan`arag`ının` su`wretin sız». Bunda shan`araq so`zinin` ma`nisin tu`sindiriwge bolmaydı. Eger bala ne ushın sızıw kerekligin sorasa, psixolog ko`rsetpeni qayta ta`kirarlawı za`ru`r.Wazıypanı orınlaw waqtı shegaralanbag`an (ko`binese 35 minuttan aspaydı). Wazıypanı orınlaw protsessinde protokolda to`mendegiler ko`rsetiliwi za`ru`r`

a) detallarda sızıwdın` izbe-izligi

b) 15 sekundtan artıq paydalar

v) detallarda o`shiriw

g) balanın` spontan (tosattan, o`z-o`zinen berilgen)

d) emotsional reaktsiyalar ha`mde olardın` su`wretlew mazmunı menen baylanısı.

Tapsırma orınlap bolg`annan son`, psixolog verbal jol menen ilajı barınsha ko`birek mag`lıwmat alıwg`a ha`reket qılıwı lazım. A`dette to`mendegi soraw menen mu`ra`ja`t qılınadı`

1. Aytalasan`ba, bul jerde kim su`wretlengen?

2. Olar qay jerde su`wretlengen?

3. Olar is islep atır?

4. Bunı kim oylap taptı?

5. Su`wrette sızılg`anlardın` en` baxıtlısı?  Ne ushın?

6. Olardan en` baxıtlısı kim?     Ne ushın?

Son`g`ı eki sorawg`a eger bala juwap bergisi kelmese, onı ma`jbu`rlew mu`mkin emes. Sonlıqtan ol sezimler menen baylanıslı.

Sa`wbet dawamında psixolog bala sızg`an su`wrettin mazmunın anıqlawg`a ha`reket qılıwı za`ru`r. Eger shan`araq ag`zalarınan birewi su`wretlenbey qalg`an bolsa og`an salıstırg`anda sezimlerin`

-Onın` sebeplerin, su`wrettegi ayrıqsha detallar (haywanlar, quslar bala ushın qanday a`hmiyetke iye ekenligin biliw a`hmiyetli esaplanadı. Biraq bunda ilajı bolg`ansha, durıs ayrıqsha sorawlarg`a mu`ra`jat etpew kerek, bul balada ta`shwishleniw, qorg`anıw reaktsiyaların keltirip shıg`arıwı mu`mkin. Ko`binese bunday jag`daylarda proektiv sorawlarg`a mu`rajat etiw maqsetke muwapıq (ma`selen` «eger qustın` ornına adamnın` su`wreti sızılg`an bolsa, ol kim bolıwı mu`mkin? A`jag`am menen jarıssan` kim utqan bolar edi?» «Qay jerde barmaqshı bolsa, a`jag`an` o`zi menen kimdi olıp keter edi?») Sa`wbetten son` balag`a y tu`rdegi jag`dayda sheshiw soraladı, olardan u`shewi shan`araq ag`zalarına salıstırg`anda negativ sezimlerdi, u`shewi unamlı mu`na`sibetti anıqlawg`a qaratılg`an`

1. Ko`z aldımızg`a keltireyin, tsirkke 2 bileti bar. Kimdi o`zin menen birge tsirkke barıwg`a shaqırg`an bolar edin`?

2. Ko`z aldımızg`a keltireyin, shan`arag`ımız qonaqqa barıwı kerek. Biraq kimdir awırıp u`yde qaladı. Ol kim?

3. Konstruktordan u`y sog`ıp atırsan`, biraq onı isley almay atırsan`. Kimdi ja`rdemge shaqırg`an bolar edin`?

4. Sende qızıqlı fil`mge bir neshe biletler bar, biraq ol shan`araq ag`zaların`ızdın` sanınan 3 ewge az. u`yde kim qaladı?

5. Ko`z aldımızg`a keltireyik, sen kimsesiz aralg`a (atawg`a) tu`sip qaldın`. Ol jerde kim menen jasawdı qa`ler edin`?

6. Sende qızıqlı loto oyını bar. Shan`araq ag`zalar menen onı oynamaqshısız, biraq bir adam artıq, kim loto oynamaydı.

İnterpretatsiya ushın to`mendegilerdi biliwi za`ru`r`

a) İzertlenip atırg`an balanın` jası

b) Onın` ag`zalarının` sanı, ag`a-sin`lilerinin` jası`

v) Eger ilajı bolsa, balanın` u`yi ha`m bag`shadag`ı, mekteptegi qulqı haqqındag`ı mag`lıwmatlar

«Shan`araq su`wreti» metodikası interpretatsiyasın sha`rtli 3 bo`limge ajıratıw mu`mkin`

1) «Shan`araq su`wreti» strukturası analizi`

2) Shan`araq ag`zalarının` grafikalıq su`wretlew o`zgesheliklerinin` xarakteri

3) Su`wret sızıw protsessi analizi

4) «Shan`araq su`wreti» strukturasın analiz qılıw ha`m sızılg`an ha`mde real shan`araq quramın salıstırıw

A`dette, shan`araqta unamlı emotsiyada seziwshi bala shan`araqtı tolıq sa`wlelendiredi. İzertlewde ko`rsetiliwinshe, 6-8 jaslı, normal intellektke iye bolg`an balalardın` 85% i (shan`arag`ı menen birge jasawshı) su`wrette shan`araq ag`zalarının` tolıq su`wretin sızadı. Eger shan`araq ag`zalarınan qaysı biri tu`sip qalg`an bolsa, bug`an ayrıqsha itibar beriliwi talap etiledi. Sebebi ol emotsional jag`day, shan`araqtag`ı bar bolg`an jag`daydan qanaatlanbawdan da`lil beredi.

Ayrım jag`daylarda su`wrette ulıwma adamlar sa`wlelenbewi yaki shan`araqqa ulıwma baylanısı bolmag`an adamlar sa`wlelenbegenligin ko`riw mu`mkin. Bunday jag`daylar ju`da` az ushıraydı. Bunın` sebebi-shan`raq penen baylanıslı bolg`an unamsız keshirmeler` sezimi, qorg`anıw seziminin` joqlıg`ı, joqarı da`rejedegi qa`weterleniw ha`mde psixologtın` u`yrenip atırg`an bala menen jaqsı baylanıs ornata almag`anlıg`ı bolıwı mu`mkin.

A`meliyatta ayırım balalar shan`araq ag`zalarınan birewi tu`sirip qalıwlarda ushırap turadı. Bunın` sebebi og`an shan`araq ag`zasının` emotsional

jag`ımsızlıg`ı, onın` menen unamsız mu`na`sibettin` barlıg`ı. A`dette, ko`birek a`jag`ası yamasa sin`lilerinin` su`wreti sızılmay qaladı. Ol eki bul shan`araq ag`zasının` su`wreti ne ushın sızılmag`an degen sorawg`a qorg`anıw juwabı beriledi-ma`selen: «Orın qalmag`anlıg`ı ushın sızbadım», «Ol oynawg`a ketken» sıyaqlı. Ayrım waqıtları ashıqtan ashıq` «Sızg`ım kelmedi, sebebi ol menin` menen urısadı», «Ol bizler menen birge jasawın qa`lemeymen» dep juwap beredi.

Ayrım waqıtları shan`araq ag`zaları ornına bala qaysı bir haywan, qustın` su`wretin sızıwı mu`mkin. Bunda,psixolog ushın bala olar menen kimdi identifikatsiya qılıp atırg`anlıg`ı a`hmiyetli.

Ayrım su`wretlerde bala o`z su`wretin sızbaydı yamasa shan`arag`ı ornına o`zim sızadı. Bul balanın` o`zim shan`araq quramına qospawınan, shan`araqta birgeliklilik bar emesliginen da`liyl beredi. Su`wrette «Mennin`» joqlıg`ı, qabıl etpew, qaytarıp taslaw sezimin bastan keshirip atırg`an balalar ushın xarakterli.

Shan`araq quramının` ko`pligi de bizge ayrım mag`lıwmatlar beriwi mu`mkin. A`dette bul shan`araqtag`ı psixologiyalıq za`ru`rliklerdin` qanaatlanbawshılıg`ı menen baylanıslı. Shan`raqta jalg`ız perzent bolsa, affilyatsiya za`ru`rlikleri qanaatlanbasa, ag`ayın yamasa qon`sı balalar yaki ayrım waqıtları ku`shin,pıshıqtın` su`wretin sızıwı mu`mkin.

**Ata-analıq minez-qulqına qarag`anda shan`araqta bala ta`rbiyasının` usılları.**

**Tablitsa-5**

| Ta`rbiya usılı | Protektsiya | Za`ru`rliklerdi qanaatlandırıw | Talapshan`lıq | Qarsılıq | Sanktsiya |
|---|---|---|---|---|---|
| Erkeletip g`amqorlıq ko`rsetiw | + | + | - | - | - |
| Artıqsha g`amqorlıqqa tiyk-n giperprotektsiya | + | +<br>- | +<br>- | + | + |
| Artıqsha aqılıy juwapkeshilik | + | - | + | +<br>- | +<br>- |
| Emotsional biykarlaw | - | - | +<br>- | +<br>- | +<br>- |
| Ju`da` qattı qollıq | - | - | +<br>- | +<br>- | + |
| Gipoprotektsiya | - | - | - | - | +<br>- |

**Protektsiya-** ulıwma bir insan ta`repinen ekinshi bir insandı qollap-quwatlawg`a qaratılg`an ha`reketleri.

Giperprotektsiya-ata-analardın` perzentlerine qarag`anda ha`dden tısqarı itibarlı bolıp, bul olardın` bala ta`rbiyası ushın ku`sh, waqıt ha`m itibardı ayamawında payda boladı. Yag`nıy g`amxorlıqtı ata-ana turmıs ta`rzine aylandıradı, yag`nıy ana ushın da, ata ushın da bala ta`rbiyası o`mirinin` mazmunına aylanadı.

## Juwmaqlaw

Respublikamiz o'z ekonomikasin jan'a basqishqa ko'teriw, ja'miyetti erkinlestiriw ha'm demokratiyalastiriw siyasatin izshil alip barar eken, bizge ja'miyettin' tiykari bolg'an shan'araq mashqalalarina baylanisqan izertlew jumislari, mag'liwmatlar za'ru'r, soni ayriqsha aytip etiw lazim, g'a'rezsizlik jillarinda Respublikamiz, a'sirese Prezidentimiz I.A.Karimov ta'repinen shan'araqqa ko'rsetilip atirg'an itibar,jillarg'a atlar berilip atirg'anda shan'araqti bekkemlew, shan'araqti milliy qadriyat sipatinda hu'rmet etiwge qaratilg'an ilajlardin' orinlaniwina ayriqsha itibar berilmekte. Qatar Batis ma'mleketlerinde Rossiyada, a`sirese shet ellerde o'tkerilgen qatar izertlewlerde, shan'araq ta'rbiyasina bag'ishlang'an shig'armalarinda shan'araqtin' sotsialliq, ekonomikaliq, ta'rbiyaliq funktsiyalari, erli-zayip mu'na'sibetlerinin' shan'araq turaqliliqqa ta'siri, perzent ta'rbiyasinda ata-ananin' orni ha'm roli, shan'araqtin' o'z-ara sa'ykesligi, shan'araqtin' liderlik, xojaliq funktsiyalari bo'listiriliwi, olardin' shan'araq birlesiwine baylanisi mashqalasi konkret empirikaliq izertlewler do'geregi u'yrenilgen. O'tkerilgen salistirmali izertlewler shan'araq ha'm onin' da'stu'rleri ma'selesi ha'r bir ma'deniy-geografiyaliq territoriya (region) ushin o'zine ta'n ko'rinislerge iye ekenligin da'liyllewi a'sirese shan'araqta bala ta'rbiyasi, onda erli - zayip, shan'araqta basqa ag'zalarinin' orni ma'selesinde Batis ha'm SHig'is da'stu'rlerinde o'zine ta'nlik bar.

Perzentlerimizdin` ha`r ta`repleme ka`mil insan bolıp jetilisiwi ushın qolay sha`rayatlar jaratılsa g`ana shan`araq ta`rbiyası tabıslı bolıwı mu`mkin. Ulıwma insaniyat ja`miyeti rawajlanıp barar eken shan`araq ma`selelerinin` aktuallıg`ı da usıg`an say ra`wishte artıp bara beredi. Shan`araqqa bolg`an itibar da keshe ham bu`ginge qarag`anda erten` ja`nede joqarıraq boladı.

Barliq u'yrenilgen ilimiy ha'm eksperimental dereklerden usi na'rse ma'lim boldi, O'zbekstan sha'rayatinda o'tkerilgen ilimiy tiykarlang'an ha'r qanday

izertlew a’hmiyetli bolip, ha’tteki ma’mleketimizdin’ ha’r bir ayriqsha regiondag’i shan’araqlardin’ o’zine ta’n da’stu’rleri, neke barisindag’i unamli ta’jiriybesi bar. Biraq demokratiyaliq protsesslerdin’ tezlesiwi, migratsiya hadiysesi, bazar mu’na’sibetlerine basqishpa-basqish o’tiw nizamliqlari shet ma’mleketler menen ornatilg’an diplomatiyaliq baylanislardin’ izshil ta’rizde a’melge asiriliwi jan’a a’sirde O’zbekstan shan’araqlarinin’ sotsial-psixologiyaliq da’rejesi ha’m onin’ sotsial institut sipatindag’i ko’rinisin o’zgertedi. Bunday ob’ektiv ha’mde sub’ektiv o’zgerisler ag’imi sha’rayatinda shan’araq keleshegin aldinnan boljaw, onin’ rawajlaniwin belgilew u’lken a’meliy ekonomikaliq a’hmiyetke baylanisli.

Pitkeriw qa`niygelik jumısı eki bap, altı paragraftan ibarat. Ko`lemi -66 bet, ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

Shan`araqta ata-ana ha`m balalar mu`na`sebetlerinin` pedagogika ha`m psixologiyada u`yreniliwi-dep atalg`an birinshi baptın` birinshi paragrafı «Shan’araq turaqlilig’in ta’miyinlewshi faktorlardin’ psixologiya pa’ninde u’yrenilgenligi» dep atalıp bul paragrafta temanın` aktuallıg`ı boyınsha jumıs alıp barg`an alımlardan miynetine toqtap o`ttik. Biinshi baptın` ekinshi paragrafı «Ha’zirgi zaman shan’araqlarinin’ tiykarg’i turleri ha`m funktsiyalari» dep atalıp, bul paragrafta tiykarınan ha`r qıylı shan`araq tu`rlerin, taypalarına toqtap o`ttik . Usı baptın` u`shinshi paragrafında, yag`nıy «Shan’araq ta’rbiyasi mashqalalarin sheshiwde milliy ha’m uliwma insaniyliq qa’diriyatlardan paydalaniw» dep atalıp, bunda ata-ana shan`arag`ında arttırılg`an ta`jiriybe ha`m onın` jas shan`araqqa ta`sirin u`yrenip bardıq. Ata-ana shan`araq ta`rbiyasında a`hmiyeti u`lken bolıp bul haqqında qadriyatlardın` ornı da u`lken a`hmiyetke iye. Ekinshi bap «Shan`araqta perzentler menen qarım-qatnastı jolg`a qoyıwdın` ta`jiriybe-sınaw na`tiyjeleri» dep atalıp bul bap 3 paragraftan ibarat. «Shan`araqtag`ı perzentler menen qarım-qatnas quralları ha`m da`rejeleri» dep atalg`an bul baptın` birinshi paragrafında shan`araqta perzentleri menen ata-analar ortasındag`ı mu`na`sebetler keltirip o`tilgen, sonday-aq «Ata-ana-bala» mu`na`sibetleri sisteması haqqında u`yrendik.

«Ata-analardın` o`z perzentleri menen bolatug`ın o`z-ara mu`na`sebetlerin anıqlaw metodikası na`tiyjeleri» -dep atalg`an ekinshi paragrafında ata-analar menen perzentler ortasındag`ı mu`na`sebetlerdi u`yreniwge ha`reket ettik ha`m shan`araq ta`rbiyasında psixologiyalıq metodlardın` a`hmiyetin u`yrendik.

Ko`p balalı shan`araqtag`ı shaxslarara mu`na`sibetler ha`m olardın` balanın` psixikalıq rawajlanıwına ta`siri dep atalıp shan`araqtag`ı balalar sanın, olardın` bala psixikası rawajlanıwına ta`sirin u`yrendik. Ulıwma biz usınıp otırg`an ma`sla`ha`tler menen metodlardı ata-analar, oqıtıwshılar, a`meliyatshı psixologlar o`z xızmetlerinde paydalanadı degen u`mittemiz.

# PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR:

1. Karimov İ.A. Oila farovonligi – millat farovonligi: Wzbekiston Respublikasi Prezidenti İslom Karimovning Wzbekiston Respublikasi Konstituttsiyasining 5 yilligiga bag`ishlangan majlisidagi tabrik swzi. // Xalq swzi gazetasi. – 1997. – B. 8.
2. Karimov İ.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot ywlida: T.6. – T.: “Wzbekiston”, 1998. – 429 b.
3. Karimov İ.A. Wzbekiston XXI asr bwsag`asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari taraqqiyot kafolatlari. – T.: “Wzbekiston”, 1997. –432 b.
4. Karimov İ.A. Wzbekiston: Milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. – T.1. – T.: “Wzbekiston”, 1995. – 49 b.
5. Karimov İ.A. Bizdan ozod va obod obod Vatan qolsin. – T.2. – T.: “Wzbekiston”, 1996. – 380 b.
6. Karimov İ.A. Biz tanlagan ywl – demokratik taraqqiyot va ma`rifiy dunyo bilan hamkorlik ywli. – T.: “Wzbekiston”, 2003. – 320 b.
7. Karimov İ.A. Wzbekistonda demokratik wzgarishlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyati asoslarini shakllantirishning asosiy ywnalishlari. – T.: “Wzbekiston”, 2002. – 80 b.
8. Wzbekiston Respublikasining Oila kodeksi. – T.: Adolat, 1998. – 302 b.
9. XXI asr oilasi kontseptsiyasi. Respublika “Oila” ilmiy-amaliy markazi. – T.: NİSİM, 2002. – 28 b.
10. Avdeeva N.N., Xaymovskaya N.A. Zavisimost` tipa privyazannosti rebenka k vzroslomu ot osobennostey ix vzaimodeystviya (v sem`e i Dome rebenka) // Psixologicheskiy jurnal. 1999. T. 20, № 1.
11. Adler A. Pomosh` roditelyam v vospitanii detey. – M.: 1992.
12. Ayol, oila va jamiyat / İlmiy-amaliy konferentsiya materiallari / Mas`ul muh. F. Otaxonov. – T.: 2007 – 260 b.
13. Aleshina Yu.E. İndividual`noe i semeynoe konsul`tirovanie. – M.: 1999.

14. Andreeva T.V. Semeynaya psixologiya. – SPb.: 2004.
15. Antonov A.İ. Mikrosotsiologiya sem`i. – M.: 1998.
16. Antonov A.İ. Evolyutsiya norm detnosti i tipov demograficheskogo povedeniya// Detnost` sem`i: vchera, segodnya, zavtra. – M.: 1986. –S. 10-25.
17. Antonov A.İ., Medkov V.M. Vtoroy rebenok. – M.: 1987.
18. Antonov A.İ., Sorokin S.A. Sud`ba sem`i v Rossii XXI veka. – M.: 2000 (gl.6 "Sem`ya i zdorov`e").
19. Antonov A.İ., Borisov V.A. Krizis sem`i i puti ego preodoleniya. – M.: 1990.
20. Beyker K. Teoriya semeynıx sistem M. Bouena // Voprosı psixologii. 1991. № 6.
21. Berdnikov T.V., Stepashov N.S., Sidorov G.A. Yunoe materinstvo v sovremennoy sem`e. – Kursk: İzd-vo Kursk. gos.med.in-ta, 2000. – S. 164.
22. Bodalev A.A., Stolin V.V. Sem`ya v psixologicheskoy konsul`tatsii. – M.: 1989.
23. Borisov V.A. Demografiya. – M.: 2002
24. Brazington R. Poryadok rojdeniya // Psixologicheskaya entsiklopediya. İzd. 2-e / Pod red. R. Korsini, A. Auerbaxa. – SPb.: 2003.
25. Brutman V.İ., Filippova G.G., Xamitova İ.Yu. Dinamika psixologicheskogo sostoyaniya jenshin vo vremya beremennosti i posle rodov // Voprosı psixologii. 2002. № 1.
26. Gozman L.Ya. Psixologiya emotsional`nıx otnosheniy. – M.: 1987.
27. Golod S.İ. Sem`ya i brak: İstoriko-sotsiologicheskiy analiz. – SPb.: 1998.
28. Demoz L. Psixoistoriya. – Rostov-na-Donu: 2000.
29. Dikson R. Kolebaniya vozrasta vstupleniya v brak i doli nikogda ne sostoyavshixsya v brake v stranax raznıx kul`tur // Brak i sem`ya: demograficheskiy aspekt. – M.: 1975. – S. 45-59.
30. Dmitrieva E.V. Sotsiologiya zdorov`ya. – M.: 2002.
31. Dobryakov İ.V. Perinatal`nıe aspektı psixologii i psixoterapii sem`i //

Semeynıy diagnoz i semeynaya psixoterapiya. – SPb.: 2003.
32. Driskoll R., İksteyn D. Poryadok rojdeniya i lichnost` // Psixologicheskaya entsiklopediya. İzd. 2-e / Pod red. R. Korsini, A. Auerbaxa. – SPb.: 2003.
33. Dubrovin Yu.V. Predislovie k knige B. Rassela “Brak i moral`”. – M.: 2004.
34. Dumitrashku T.A. Vliyanie vnutrisemeynıx faktorov na formirovanie individual`nosti // Voprosı psixologii. 1991. № 1.
35. İnomova S.T. E`zozli ayol iqboli – T.: O’QITUVCHI, 2005 – 96 b.
36. İnoyatov M. Oila, ijod, tarbiya va ma`naviyat. – T.: Sharq, 2000. – 111 b.
37. İnteraktsiya. İnterv`yu. İnterpretatsiya // INTER. – 2002. – № 1.
38. Kalmıkova E.S., Komisarova S.A., Padun M.A., Agarkov V.A. Vzaimosvyaz` tipa privyazannosti i priznakov posttravmaticheskogo stressa (Soobsh. 2) // Psixologicheskoy jurnal. – M.: 2002. – T. 23. – № 6.
39. Kapitsa S.P. Obshaya teoriya chelovechestva: Skol`ko lyudey jilo, jivet i budet jit` na Zemle. – M.: 1999.
40. Karimova V. Mehr va muruvvat oiladan boshlanadi. – T.: Yangi asr avlodi, 2004. – 28 b.
41. Karimova V. Oila tafakkur va salomatlik: (Oilada sog`lom turmush tarzini yaratish xususida) //Boshlang`ich ta`lim. – 2005. – № 2. – B.8-11.
42. Karimova V. Salomatlik psixologiyasi. – T.: Yangi asr avlodi, 2005.
43. Karimova V. Oilaviy hayot psixologiyasi: Wquv qwllanma. – T.: 2006 – 142 b.
44. Karimov X.K. Wzbek oilalarida er-xotin nizolarining ijtimoiy-psixologik xususiyatlari: Dis... psixologiya fanlari nomzodi. – T.: 1994. – 142 b.
45. Muxamedraximov R.J. Psixologiya vzaimodeystviya materii i mladentsa. – SPb.: 1998.
46. Oila, jamiyat, qonun – T.: “O’zbekiston” - O’qituvchi, 2007 – 112 b.
47. Oilaga nechta farzand kerak? – T.: Meditsina, 1989. – 18 b.
48. Oila psixologiyasi, G`.B.Shoumarov tahriri ostida-«Sharq nashriyoti», T-2008-294b